

 **TOTAL**
Tout Timoun Ap Li

**PWOGRAM FRANSE ORAL
PREMYÈ ANE FONDAMANTAL**

M ap pale fransè nèt ale



USAID | AYITI
ED PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman	2	LEÇON 37	217
Premye Koze	3	LEÇON 38	224
Leson	31	LEÇON 39	231
LEÇON 1	32	LEÇON 40	237
LEÇON 2	38	LEÇON 41	241
LEÇON 3	44	LEÇON 42	247
LEÇON 4	49	LEÇON 43	253
LEÇON 5	55	LEÇON 44	259
LEÇON 6	59	LEÇON 45	265
LEÇON 7	64	LEÇON 46	269
LEÇON 8	70	LEÇON 47	273
LEÇON 9	75	LEÇON 48/49	277
LEÇON 10	81	LEÇON 50	279
LEÇON 11	85	LEÇON 51	284
LEÇON 12	91	LEÇON 52	289
LEÇON 13	97	LEÇON 53	295
LEÇON 14	103	LEÇON 54	301
LEÇON 15	109	LEÇON 55	307
LEÇON 16	113	LEÇON 56	311
LEÇON 17	119	LEÇON 57	317
LEÇON 18	124	LEÇON 58	323
LEÇON 19	130	LEÇON 59	329
LEÇON 20	136	LEÇON 60	335
LEÇON 21	140	LEÇON 61	339
LEÇON 22	144	LEÇON 62	345
LEÇON 23/24	148	LEÇON 63	351
LEÇON 25	150	LEÇON 64	357
LEÇON 26	155	LEÇON 65	363
LEÇON 27	160	LEÇON 66	368
LEÇON 28	166	LEÇON 67	374
LEÇON 29	172	LEÇON 68	380
LEÇON 30	178	LEÇON 69	386
LEÇON 31	182	LEÇON 70	392
LEÇON 32	188	LEÇON 71	396
LEÇON 33	194	LEÇON 72	400
LEÇON 34	200	LEÇON 73/74	404
LEÇON 35	206	LEÇON 75	406
LEÇON 36	210	Aneks	411

REMÈSIMAN

Nou ta renmen remèsye tout moun ki nan yon fason oubyen nan yon lòt te pote kontribisyon pa yo pou metòd M ap Pale Fransè Nèt Ale ka rive reyalize. N ap remèsye espesyalman :

Yon gwo remesiman pou moun ki te ekri ak fè konsepsyon materyèl la pou lespri kreyatif ak angajman yo :

- Marie J. Danielle Délimon Bazile, Educatrice, Consultante, USAID/ RTI
- Mirlande Cénatus, Educatrice, Consultante, USAID/ RTI
- Maxdala Thèsee Cèsar, Educatrice, Consultante, USAID/ RTI
- Marie Ermise Charles, Assistante de Programme, USAID/ RTI/ ToTAL
- Marie-Jeanne Léo Louis Charles, Spécialiste du développement des matériels de Créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Mary Denauw, Consultante, USAID/ RTI
- Esther François, Spécialiste du développement des matériels de Français, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jerry Rosembert Moise, Illustrateur (planches pédagogiques), Consultant, USAID/ RTI
- Marie Carmel Cassandre Pompée, Educatrice, Consultante, USAID/ RTI
- Marc Adrien Rivière, Illustrateur (planches pédagogiques), Consultant, USAID/ RTI
- Lemète Zéphyr, linguiste, didacticien de langues étrangères, traducteur-interprète, Consultant, USAID/ RTI

Moun ki te patisipe nan elaborasyon materyèl la :

- Claude-Hebert Antoine Benoit, Coordonnatrice du curriculum, FONHEP
- Magally Constant, Coordonnatrice UDCL, MENFP
- Lionel Hogu, Spécialiste en lecture, DEF/MENFP/ Konekte
- Florence Délimon Théràmène, Directrice exécutive, FONHEP

Moun ki te soutni ak bay konsèy :

- Johnny Antoine, DCQ, MENFP
- Françoise Benoît, DFP/ MENFP
- Laurette Cupidon, Curriculum Development Manager, RTI/ ToTAL
- Zulda Dubois, DFP/ MENFP
- Josette Gaboton, Consultante, DEF/ EPT-BM
- Loretta Garden, USAID
- Hervé Jean-Charles, USAID
- Ronald Jean-Jacques, COP, RTI/ ToTAL
- Andrew Johnston, DCOP, RTI/ ToTAL
- Fabiola Lopez-Minatchy, USAID
- Claudin Saint Jour, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP

PREMYE KOZE

Pou amelyore kalite edikasyon an ann Ayiti, kesyon aprann li nan premye nivo fondamantal espesyalman, USAID sipòte ministè edikasyon nasyonal ak Pwojè ToTAL la (Tout timoun ap li). Pwojè ToTAL se yon rechèch ki chita sou esperyans ak metòd lekti pou timoun premye nivo lekòl fondamantal aprann li.

Metòd *M ap pale fransè nèt ale* a se yon metòd kominikasyon oral « klè oubyen sistematik » ki adopte pedagoji ki chita sou dyalòg ak sa ki sanble. Li chita sou leson fransè pale ki fèt pou elèv premyè ane fondamantal ki pale kreyòl.

Metòd sa a fèt dapre kourikoulòm kominikasyon oral fransè premyè ane fondamantal. Li bay divès kalite aktivite orijinal k ap ankouraje elèv yo sèvi ak konesans yo an kreyòl pou yo aprann fransè fasil. Aktivite sa yo ap pèmèt elèv yo devlope konpetans yo nan kominikasyon oral epi y ap prepare yo pou yo ka fè lekti an fransè nan dezyèm ane fondamantal.

I. PWOGRAM FRANSÈ ORAL PREMYÈ ANE FONDAMANTAL

Nou vin ak yon pwogram 150 leson pou timoun aprann kominike an fransè nan sèvi ak kreyòl la, ki lang tout peyi a, kòm baz pou elèv yo aprann fransè pi byen. A kote bagay sa yo y ap aprann yo, gen yon tès k ap ranmase tout sa yo aprann yo aprè chak 22 leson. Tès sa yo ap sèvi pou verifye sa elèv yo aprann nan nouvo lang nan ; epi y ap ede yo analize sa yo montre elèv yo ak ki valè yo genyen.

Fason leson sa yo òganize a chita sou de prensip pedagojik. Yon bò, li chita sou pedagoji aktivite ki apiye sou sa timoun nan renmen nan sèvi ak istwa, kontin, aktivite sou fòm anmizman ki enteresan pou motive timoun. Yon lòt bò, pedagoji sa a ap tounen reyalite ak yon didaktik ki adapte ak sitiyasyon moun ki pale kreyòl piske li chita sou lang timoun nan konnen an. Anplis, li respekte 22 objektif espesyal kominikasyon oral premye nivo pwogram detaye lekòl fondamantal Ministè edikasyon nasyonal ak fòmasyon pwofesyonèl la.

II. PEDAGOJI KI CHITA SOU AKTIVITE

Nou sèvi ak divès sitiyasyon moun jwenn nan lekòl ak nan fanmi nan chak leson. Leson sa yo dire 30 minit. Yon apwòch ki chita sou kominikasyon an senk etap ap gide mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan nan. Li bay aktivite kominikasyon k ap ede elèv la aprann fransè ti pa ti pa, nan sèvi ak esperyans li fè chak jou.

Tout leson gen senk etap diferan.

Leson an kòmanse ak yon « Revizyon ak anmizman ». Sa ap ede elèv la sonje konesans li te gen tan genyen pou l ka gen konfyans nan tèt li lè l ap aprann nouvo bagay ; epi sa ap prepare l pou l reyalize objektif yo.

Dezyèm etap la rele « Dekouvèt - aprantisaj ». Gras ak materyèl k ap motive elèv la, l ap kòmanse gade, pale, dekouvri nouvo bagay, ranfòse aprantisaj n ap cache a.

Twazyèm etap la ki rele « Fè pratik » ranfòse sa elèv la teknik déjà epi li prepare l pou l fè pi gwo aktivite ak divès bagay li deja aprann (entegrasyon). Elèv la ap aprann teknik pou l kontinye aprann ak nouvo konesans reyèl li jwenn nan aktivite yo.

Katriyèm etap la ki rele « Jeneralizasyon », bay aktivite jeneralizasyon pou elèv la byen metrize objektif la. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan fè elèv remake l ap aprann nouvo bagay. Objektif li se fè sa elèv la aprann nan pase nan yon nouvo sitiyasyon orijinal.

Kanta senkyèm etap la ki rele « Revizyon ak finisman », li tounen sou objektif leson an te vize a e li verifye si objektif la te reyalize kòm dènye pati leson an.

Pedagoji aktivite sa a tounen reyalite nan sèvi ak yon didaktik espesyal ki kòmanse ak kreyòl pou pase nan fransè.

III. YON DIDAKTIK ADAPTE

Nou chita sou resanblans ki gen ant de sistèm lengwistik yo, kreyòl ayisyen ak franse a nan chak leson. Nou abòde mo ak espresyon kreyòl ki sanble ak sa nou jwenn an franse dabò anvan sa ki pa sanble yo. Elèv la apiye sou mo ak espresyon ki sanble yo pou l aprann nouvo lang nan.

Li klè de lang yo fè pati menm fanmi. Pi fò mo kreyòl soti nan franse. Men, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan dwe veye vwayèl won franse yo : 'è', 'èu', ki detire an kreyòl pou bay 'i', 'è', ou 'é'. Nan domèn leksik, nou pito sèvi ak pa kreyòl la dabò, pandan n ap peze sou eleman ki nan tou de lang yo anvan nou antre nan diferans ki genyen nan lang elèv la ap aprann nan. Sa bay nouvo konesans lan sans.

Aprantisaj la vin pi solid lè yo byen sèvi ak 26 bèl planch pedagogik yo ki gen bèl desen yo. Didaktik adapte a rete konekte ak sa ki nan espas lekòl timoun nan ak nan fanmi li, se yon mwayen pou ede li aprann franse. Sa bay pwogram detaye premye nivo lekòl fondamantal MENFP a plis valè.

IV. PWOGRAM DETAYE PREMYE NIVO LEKÒL FONDAMANTAL LA

Pou n kapab suiv objektif 22 konpetans espesyal ki nan pwogram detaye a, gen yon pwogresyon nan ansèyman sentaks la ki prezan nan tout leson yo. Pedagoji ki chita sou aktivite a mache nèt ak kourikoulòm pragmatik lekòl fondamantal la : « *Rezilta final edikasyon ayisyen an se pou li entegre tout moun epi pou yo fonksyone ann amoni. Se pou sa li vize rekonsilye jèn ayisyen an ak anviwònman kiltirèl li, anviwònman sosyal li ak anviwònman ekonomik li.* » epi « *Li vize devlope konesans ak kapasite ki ap pèmèt li di sa ki nan panse l nan divès sitiyasyon lavi chak jou.* » Lè konsyans sosyal sa a devlope, l ap pèmèt pèsonalite ti ayisyen an devlope ak tout libète l pou l di sa li panse yon fason pou li ka kominike pi byen ak moun ki bò kote l.

Yo sèvi ak eleman fonetik, leksik ak gramè ki menm nan de lang yo nan tout leson tèm yo soti nan anviwònman lekòl ak nan fanmi. Elèv yo ap aprann kominike ak lòt moun firanmezi gras ak konesans y ap pran ak kapasite y ap devlope ki chita sou esperyans y ap fè chak jou.

Kon sa, leson yo fèt ann amoni ak pwogram detaye a gras ak apwòch pedagogik yo byen chwazi : yon apwòch ki chita sou kominikasyon, yon pedagoji ki chita sou dyalòg ak yon didaktik ki mache ak reyalyte a. Elèv ayisyen an ap aprann franse pandan l ap mare konesans lang manman l ak lang franse a. Pandan l ap pale, l ap mete pwòp mòd pale pa l sou pye, pa mwayen dyalòg, jwèt ak kontin. Echanj elèv la ap fè nan aktivite nan ti gwoup ak nan gran gwoup ap ede li verifye konesans li pou l prevwa sa l pral di pi devan dekwa pou l amelyore aprantisaj li. Kon sa, 150 leson yo ki fèt sou fòm anmizman ki chita sou aktivite nan yon devlopman lojik dapre 22 objektif espesyal pwogram detaye MENFP a gen tout chans pou yo amelyore jan timoun ap aprann franse kòm dezyèm lang.

V. JAN PWOGRAM NAN ÒGANIZE

Pwogram nan gen 150 leson.

- * Aprè leson 22, 47, 72, 97, 122 ak 147 la mèt yo/ matmwazèl yo/ madanm yo ap gen pou yo fè elèv yo pase yon egzamen somatif pou evalye sa elèv yo aprann aprè chak peryòd.
- * Elèv yo ap aprann modèl yo dapre sa ki nan pwogram detaye MENFP a, pandan y ap eseye mare eleman ki nan kreyòl la ki sanble ak sa ki nan franse a ak sa ki pa sanble ;

- * Leson 5, 10, 15, 20, 25, 30, 35, 40, 45, 50, 55, 60, 65, 70, 75, 80, 85, 90, 95, 100, 105, 110, 115, 120, 125, 130, 135, 140 ak 145 se revizyon ak koreksyon 4 leson anvan yo ;
- * Leson 21 & 22, 46 & 47, 71 & 72, 96 & 97, 121 & 122 ak 146 & 137 se revizyon 20 leson anvan yo ;
- * Leson 23 & 24, 48 & 49, 73 & 74, 98 & 99, 123 & 124 ak 148 & 149 se jounen ki rezève pou tè ;
- * Leson 25, 50, 75, 100, 125 ak 150 bay mè la/ matmwazèl la/ madanm nan okazyon pou li fè aktivite koreksyon aprè tè somatif la.

VI. ISTWA YO

Leson yo chita sou istwa yon ti fi yo rele « Rita ». 150 leson yo ak 6 premye peryòd aprantisaj yo apiye sou douz istwa.

Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li 12 istwa ki gen rapò ak sa elèv yo ap viv chak jou. Sa ede li konprann nan ki sans sa y ap aprann nan mache ak esperyans yo. Elèv yo ap devan sans yon tèks nèt angiz kèk fraz oubyen kèk mo izole. Elèv yo pral patisipe nan chak pati chak istwa, yon fason pou yo pran nouvo konesans yo (sentaks, vokabilè...) pandan y ap konprann sa l ap li a. Kon sa, sa y ap aprann yo ap toujou mare ak sitiyasyon ki gen sans pou yo.

VII. KONTIN YO

Vennsenk kontin pou yo rakonte, kontin oubyen jwe ak jès, ede elèv yo dekouvri divès pawòl lav itou le jou depi nan kòmansman sou fòm anmizman etan y ap aprann yo.

Chak fwa sa posib, kontin kout yo fèt ak mo ni lang kreyòl la ni lang franse a genyen pou evite konplike prantisaj la ak difikilte ki gen rapò ak sans oubyen ak lang. Istwa yo enteresan tou pou motivasyon an kapab fasilite aprantisaj la. Yo bay elèv yo teknik pou yo kenbe sa yo aprann nan tèt yo e yo sèvi ak divès fason moun aprann : nan sa yo wè, sa yo tande ak sa yo touche. Sa endispansab pou yo sèvi ak diferan fòm aprantisaj sa yo pou ede chak elèv aprann.

VIII. JWÈT YO

Gen sis jwèt ki bay elèv yo okazyon revize sa yo te aprann yo sou fòm anmizman. Jwèt yo chita sou dyalòg. Yo pèmèt tout elèv yo fè pratik nan yon aktivite k ap motive yo. Elèv yo ka jwe divès wòl : yo ka moun k ap mennen jwèt la oubyen yo ka jwè.

IX. POSTÈ YO

Vennsis bèl postè ki gen rapò dirèkteman ak objektif pwogram detaye a ede elèv yo kenbe divès fòm pawòl yo aprann nan tèt yo ak sipò sa yo wè. Postè yo ap ede elèv yo kòmans aprann franse a pi fasil. Sitiyasyon yo rich, yo ankourajan e yo mache ak sa elèv yo viv.

X. METÒD POU POSTÈ PEDAGOJIK YO BAY RANMAN

Chak grenn nan 150 leson 30 minit pwogram franse oral premyè ane fondamantal la ranfòse gras ak jan yo byen fè 26 postè pedagogik yo bay ranman. Tout ilustrasyon yo soti nan lekòl ak nan fanmi timoun ayisyen. Chak postè yo genyen yon tit ak yon nimewo e li ka sèvi pou youn oubyen plizyè leson. Li vize yon objektif jeneral, li devlope youn oubyen plizyè konpetans espesyal ki nan pwogram detaye a.

Postè pedagogik yo reprezante yon zouti mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan genyen nan men l pou ede l reyalize 22 objektif pwogram detaye a, epi yon didaktik adapte kore yo. Materyèl obsèvasyon sa a chaje ak vokabilè. Nou vrèman rekòmande pou yo sèvi avè l pou ranfòse jan timoun yo ap aprann lang nan. Y ap sèvi ni pou aprantisaj ni nan moman egzamen. Men kèk konsèy jeneral pou mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan :

- Mete postè a sou yon mi, sou yon tablo oubyen sou chèz kote anyen p ap anpeche elèv yo wè li
- Asire ou elèv ki chita dèyè yo ak sa ki chita akote yo wè postè a byen
- Mete postè a menm wotè ak je timoun nan yon fason pou l ka montre yon detay ki ladan l ak dwèt li si ou ta mande l sa
- Pandan y ap gade postè yo, mache ak postè a nan klas la pou tout elèv ka wè l si sa nesèsè
- Anvan ou kòmanse leson an, mande elèv yo pou yo di ou sa yo wè nan postè a, yon fason pou w pa neglije okenn elèv (solèy, pwoblèm pou wè...). Fè elèv yo deplase si sa nesèsè.
- Montre desen ki reprezante mo ki nan leson an ak dwèt ou oubyen ak yon règ
- Kanpe bò postè a epi bay elèv yo fas ou (bay tablo a do ou)
- Pa bare elèv yo ak bra ou oubyen ak kò ou
- Repete repons elèv yo an fransè, si yo bay yo an kreyòl
- Travay ak mo ak espresyon kreyòl ki sanble ki nan postè yo anvan mo ki diferan yo
- Sansibilize elèv yo souvan ak postè a pou yo gade epi pou yo tande
- Varye fòm kesyon yo : bay plis kesyon ouvè ki pral fè timoun nan bay espplikasyon ak fraz ki pi konplike angiz kesyon fèmen
- Bay timoun yo tan pou yo reponn san ou pa entèwonp yo, aprè sa sèvi ak postè a pou ou korije si sa nesèsè
- Itilize yon langaj ki klè e ki presi
- Ankouraje yo pou yo bay repons yo nan fraz konplè

XI. ETAP POU OU SUIV LÈ OU AP PREPARE OU POU FÈ POSTÈ YO BAY RANMAN

- Ki postè mwen bezwen ?
- Kouman mwen pral prezante l pou tout elèv yo rive wè l ?
 - Kwoke postè ou yon fason pou elèv yo wè l ; yo pa dwe ni twò wo, ni twò ba
 - Pou ou rive fè sa, mete kò ou diferan kote nan klas la epi chwazi wotè ak ekleraj k ap pi bon pou tout elèv yo
 - Si ou pa ka kwoke postè yo, mache nan klas la pou tout elèv yo wè yo
- Ki fraz m pral pwononse pou elèv yo kòmanse dyalòg la avè m ?
- Kouman m pral jere elèv yo lè y ap pran lapawòl ? Kiyès k ap pale ? (mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan, yon elèv) Kiyès k ap koute ? (mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan, elèv yo)
- Ak ki kesyon m pral verifeye sa elèv yo konnen deja oubyen yo pa konnen menm nan domèn nan ?
- Ki repons mwen panse ki kòrèk pou chak kesyon mwen poze ?

- Lè ou poze yon kesyon, ou dwe konnen repons w ap tann nan ou menm.
- Kouman m pral fè pou plis moun posib patisipe ?
- Kouman m pral fè pou elèv ki gen pwoblèm oubyen ki timid yo patisipe nan gran gwoup la ?
- Kouman m pral konplimante elèv ki bay bon repons yo ?
- Kouman m pral ede elèv ki pa bay bon repons yo ? Ki lòt kesyon m pral poze an plis ? Ki repons ki pa aseptab ?
- Kouman pou m korije chak move repons san pran tan, yon fason ki fasilite dyalòg ?
- Di ki konpòtman ou dwe genyen, oubyen ou dwe adopte pou ou pa anpeche dyalòg fèt nan klas la.

XII. TABLO POSTÈ PEDAGOJIK

Postè	Deskripsyon
1	Ilustrasyon sou salitasyon
2	Zanmi Rita ak zanmi Pòl yo
3	Moun ki nan lekòl la
4	Mèb ak bagay nan kay la (yon sèn fanmi)
5	Jwèt yo
6	Mèb ki gen nan klas
7	Bagay ki nan klas la
8	Kizin nan (yon sèn fanmi)
9	Foto fanmi (fanmi Rita ak Maryo)
10	Bèt
11	Kote ki tou pre nou ak depasman moun
12	Kote bèt yo ye (sèn jaden)
13	Kote moun yo ye nan lekòl la (pati 1), kote bagay yo ye nan klas la (pati 2)
14	Aktivite nan klas (pati 1) ak nan lakou rekreyasyon (pati 2)
15	Anmizman ak travay nan kay
16	Aktivite jaden : legim (pati 1) ak travay nan jaden (pati 2)
17	Ilustrasyon pou mande pèmisyon (lakay)
18	Ilustrasyon pou mande pèmisyon (lekòl)
19	Ilustrasyon pou mande moun sèvis (lekòl)
20	Ilustrasyon pou mande moun sèvis (lakay)
21	Bann desine pou montre jan yo bay lòd lekòl oubyen lakay
22	Bann desine pou montre jan yo bay lòd ak entèdiksyon
23	Nan restoran
24	Kò moun pou ou di sa ou santi (doulè, frede, chalè...)
25	Kay doktè pou ou di sa ou santi
26	Bann desine pou ou di sa ou santi (lapèrèz, pitye/ tristès, lajwa, sipriz...)

XIII. JAN YON LESON ÒGANIZE : 5 ETAP LESON YO

1) REVIZYON - ANMIZMAN

Etap sa a la pou li prezante objektif la pandan l ap marye l ak sa elèv yo viv.

- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap byen idantifye disiplin yo ak objektif operasyonèl ki vize yo ;
- Nan etap sa a, aktivite yo vize ankouraje elèv yo pou yo anvi kòmanse leson an epi pou yo kòmanse aktivite entèlekyèl yo ;
- Tou de aktivite yo ap ede elèv la apiye sou sa yo konnen, konpetans yo, kalite yo pou yo kòmanse nouvo aprantisaj la ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan al jwenn elèv yo nan sa yo viv pèsònèlman, sa yo jwenn nan fanmi yo oubyen nan kilti yo.

2) DEKOUVÈT - APRANTISAJ

Etap sa a la pou li fè elèv yo gade, pale, fè aktivite epi pou yo diskite sou bagay ki gen rapò ak objektif leson an vize yo. Nan diferan aktivite sa yo, elèv yo ap dekouvri divès pati lang fransè a pou kont yo oubyen ak èd mèt la/ matmwazèl la/madanm nan oubyen lòt elèv : fonèm, vokabilè, divès espresyon ak sentaks la, langaj ki nesèsè pou kominikasyon.

- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap vin ak mwayen konkrè k ap fè sans yo travay pou l fasilite kompreyansyon an ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze elèv yo kesyon epi l ap reponn kesyon elèv yo ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap bay espikasyon epi l ap fè demonstrasyon ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap konseye elèv yo nan dekouvèt li fè ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap ankouraje elèv yo pou yo fè esèy epi pou yo asepte yo fè erè ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap bay egzèsis aplikasyon pou elèv yo sèvi ak divès fòm pawòl tou le jou natirèlman ;
- Si sa nesèsè pou elèv yo kenbe kèk bagay nan tèt yo, l ap ede yo jwenn pwòp teknik pa y pou yo rive fè sa ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan bay divès fason moun travay nan dyalòg.

3) FÈ PRATIK

Mèt la/matmwazèl la/madanm nan bay yon aktivite pou fè elèv yo konprann itilite nouvo konesans lan epi yo jwenn fason y ap ka aplike l pi vit.

- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan mande elèv yo pou yo fè pratik ak nouvo konesans oubyen nouvo kapasite ki nan objektif yo aprann yo nan yon sitiyasyon orijinal ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap kreye yon sitiyasyon pou fè leson an pase nan yon aktivite ki gen sans ;
- Nan etap sa a, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap bay divès fason moun travay ki chita sou dyalòg ankò.

4) JENERALIZASYON - ENTEGRASYON

Objektif etap sa a se kore sa elèv yo aprann nan, rann li pi solid. Elèv yo ap sèvi ak divès bagay yo aprann yo nan divès aktivite ak teknik kle.

- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè yon tounen sou diferan aktivite leson an pou fè elèv yo remake konesans yo genyen, konpetans yo, kalite yo ;
- Aktivite ki chita sou dyalòg la ap pèmèt plis elèv pale. Nan gran gwoup, l ap enteresan pou l montre diferans ki genyen nan fason chak elèv aprann.

5) FINISMAN

Etap sa a pèmèt ou verifye si objektif leson an te vize a reyalize.

- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap envite elèv yo di ki dekouvèt yo fè. Paregzanp, li ka mande yo fè yon espoze oral oubyen yon rezime ;
- Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap mande elèv yo sa li prevwa oubyen ki konklizyon li ka fè.

Pandan tou leson an, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè evalyasyon fòmatif nan fè envantè erè yo, nan analize yo epi l ap bay repons pedagogik pou chak ka oubyen pou tout moun ansanm :

- koreksyon sou plas (pandan leson an)
- koreksyon pou pi ta (sa mande pou li pran nòt, fè yon refleksyon ki ale pi lwen pase koreksyon sou plas. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap korije elèv ki fè yo men li p ap pèsiste fè sa plis pase youn onbyen de fwa pou elèv la pa bloke) ;
- Chak etap yo mande yon fòm evalyasyon :
- Aktivite 2 : repwodiksyon
- Aktivite 3 : aplikasyon
- Aktivite 4 : rezònman, kominikasyon, pataj.

Konpetans ki sèvi nan diferan domèn tankou kapasite pou kritike, bagay ki gen sans, bon jesyon, jistis ak kominikasyon prezan nan tout leson yo.

XIV. PLAN DETAYE YON LESON

Leson	N°
Objektif	Objektif pwogram detaye MENFP a
Objektif operasyonèl	Sa elèv la ap kapab fè aprè leson an
Modèl yo etidye	Modèl yo etidye dapre referansyèl MENFP la
Vokabilè	Vokabilè ki gen rapò ak objektif leson an ak sa ki ladan
Lòt modèl	Modèl yo etidye deja e ki nan leson an
Materyèl pou leson an	Planch pedagojik, materyèl...
Enfòmasyon konplemantè	Difikilte espesyal ki gen rapò ak nivo elèv yo an fransè (fonèm, sentaks...)
Dewoulman leson an nan 30 minit	
Etap 1: Revizyon Anmizman (7 minit)	Kreye anbyans ki nesèsè pou dewoulman leson an. Pandan etap sa a, elèv la ap dekouvri sa y ap tann nan men l byen fasil. Aktivite yo ba yo fè yo se pou : - fè yo sonje yon aktivite ki te fèt deja ; - rakonte yon ti istwa oubyen di l a ak jès.
Etap 2 : Dekouvèt - aprantisaj (12 minit)	Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè elèv la patisipe nan aktivite aprantisaj li yo. L ap fè yo koute, gade, fè esperyans, pale ak tèt yo oubyen avèk kamarad yo nan aktivite kominikasyon. Aktivite a dwe mennen elèv yo idantifye en-fòmasyon ki bay plis detay. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap gen pou li : - poze kesyon dapre sa elèv yo wè nan yon postè ; - li rès istwa a pandan l ap poze kesyon konpreyansyon ki gen rapò ak objektif li vize a ; - fè elèv yo re pwodui modèl yo aprann nan a pou l vin otomatik ; - asire l tout sa elèv yo ap di yo kòrèk ; - Bay sa ki sanble yo ak erè ki fèt souvan yo yon atansyon espesyal ; - L ap di elèv yo sa yo pa dwe di (bagay ki pa vle di sa yo gen lide di...).
Etap 3 : Pou fè pratik (4 minit)	Mèt la/matmwazèl la/madanm nan ap bay yon aktivite k ap ede yo sèvi ak divès pwenansanm : - mete elèv yo nan sitiyasyon pou yo itilize modèl yo aprann nan nan yon aktivite orijinal ; - fè elèv yo dekouvri teknik ki ka ede yo memorize (fòm aprantisaj).
Etap 4 : Jeneralizasyon (5 minit)	Elèv la ap ranfòse nouvo konesans li yo atravè yon aktivite ki vize fè l re itilize yo e re envesti yo. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap mande yo : - itilize modèl yo etidye a nan yon sitiyasyon sou fòm anmizman ; - reyevante modèl yo te etidye anvan yo ; - refòmile yo.
Etap 5 : Finisman (2 minit)	Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si objektif li te vize reyalize a : - poze elèv yo kèk kesyon ; - retire nouvo konesans lan nan kontèks, konpetans, kalite ; - refòmile objektif la ; - felisite elèv yo.

Senbòl leson yo: M = sa Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan di ; E = egzanp repons mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap tann nan men elèv yo.

XV. TABLO PWOGRESYION

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
1. Saluer quelqu'un correctement en utilisant les formules usuelles.	1.1. Formules courantes de salutations. **Prononciation du "r". (Introduction)	Leçon 1	être capable de dire : "Bonjour", "Bonsoir", "Au revoir" pour saluer quelqu'un.	Bonjour, bonsoir, au revoir, madame, monsieur.	Histoire 1 : Rita gen yon nouvo zanmi lekòl la. Li rele Paul. Li nan menm klas avèk Rita. Youn salye lòt.	Quand le soleil se lève, (<i>Fè jès yon boul k ap monte.</i>) Il me dit bonjour. Quand le soleil se couche, (<i>Fè jès yon boul k ap desann.</i>) Il me dit bonsoir, Et moi quand je pars je dis au revoir. (<i>Fè tankou w ap pati pandan w ap fè jès ak men ou pou di babay.</i>)	Zip, Zap	1
2. Se présenter à quelqu'un.	2.1. Structures de phrases se rapportant à la présentation (prénom). Phrases déclaratives. (Introduction)	Leçon 2	être capable de dire : Je m'appelle ... pour se présenter.	Bonjour, bonsoir, madame, monsieur, le/la camarade.		Léon (<i>Fè 2 pa annavan</i>) se présente tout en blanc, Pour dire (<i>Mete men ou bò bouch ou.</i>) à ses camarades : Je m'appelle Léon, (<i>Mete men sou lestomak ou.</i>) J'ai six ans (<i>Lonje dwèt ou sou ou epi montre 6 dwèt.</i>) et j'habite à Cavaillon !	Zip, Zap	1
2. Se présenter à quelqu'un.	2.2. Structures de phrases se rapportant à la présentation (âge). Présentation de soi. Phrases déclaratives.	Leçon 3	être capable de dire : J'ai ans pour se présenter.	Âge, se présenter, bonjour, bonsoir, j'ai...ans.			Zip, Zap	2
2. Se présenter à quelqu'un.	2.3. Structures de phrases se rapportant à la présentation (adresse). Présentation de soi. Phrases déclaratives.	Leçon 4	être capable de dire : J'habitepour se présenter.	Se présenter, habiter, son âge, appeler, le nom, le prénom.			Zip, Zap	1
1. Saluer quelqu'un correctement en utilisant les formules usuelles. 2. Se présenter à quelqu'un.	1.1. Formules courantes de salutations **Prononciation du "r". (Révision) 2.1.2.3. Structures de phrases se rapportant à la présentation. (Révision)	Leçon 5 Révision	être capable de dire : "Bonjour", "Bonsoir", "Au revoir" pour saluer quelqu'un. être capable de dire : Je m'appelle... J'ai ... ans. J'habite... pour se présenter.	Bonjour, bonsoir, au revoir, je m'appelle, j'ai.. ans, j'habite.			Zip, Zap	-

XV. TABLO PWOGRASYON (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
3. Demander à quelqu'un de se présenter.	3.1. Structures de phrases se rapportant à la présentation (prénom). Phrases interrogatives. (Introduction)	Leçon 6	être capable de dire : Comment t'appelles-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter.	Le/ un prénom, le/un nom, la maison, je m'appelle.	Histoire 1 : Rita gen yon nouvo zanmi lekòl la. Li rele Paul. Li nan memm klas avèk Rita. Youn salye lòt.	Bonjour, comment vas-tu ? (<i>Pran 2 men ou, fè tankou w ap bay lanmen.</i>) Merci d'être venu, (<i>Bese tèt ou.</i>)	Tik-Tak	1
3. Demander à quelqu'un de se présenter.	3.2. Structures de phrases se rapportant à la présentation (âge). Phrases interrogatives.	Leçon 7	être capable de dire : Quel âge as-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter.	L'âge, tu, as, bonjour, la maison.		Viens dans notre maison, (<i>Fè desen yon kay nan lè a : yon triyang anlè, yon kare aprè.</i>)	Tik-Tak	1
1. Saluer quelqu'un correctement en utilisant les formules usuelles.	1.1. Formules courantes de salutations. **Prononciation du "r". (Introduction)	Leçon 8	être capable de dire : Comment vas-tu ? pour demander à quelqu'un de ses nouvelles.	Comment, vas, tu, directeur, merci, bien.		Viens, dis-nous ton prénom. (<i>Fè jès ak men ou tankou lè w ap di vini.</i>)	Tik-Tak	1
3. Demander à quelqu'un de se présenter.	3.1. Structures de phrases se rapportant à la présentation (adresse). Phrases interrogatives.	Leçon 9	être capable de dire : Où habites-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter.	Tu, j'habite, bonsoir, le directeur, viens		(<i>Reprann kontin nan pandan w ap mete "âge, adresse" nan plas "prénom" nan lòt leson yo.</i>)	Tik-Tak	1
1. Saluer quelqu'un correctement en utilisant les formules usuelles. 3. Demander à quelqu'un de se présenter.	1.1. Formules courantes de salutations. (Révision) 3.1./ 2. Structures de phrases se rapportant à la présentation. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 10 Révision	être capable de dire : Je vais bien, merci. Ça va bien, merci, pour saluer quelqu'un. être capable de dire : Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter.	Je, tu, bien, merci, vas, l'âge.		-	Tik-Tak	-

XV. TABLO PWOGRESYON (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
4. Présenter un camarade.	4.1. Structures de phrases se rapportant à la présentation (prénom). Phrases déclaratives. (Introduction)	Leçon 11	être capable de dire : Il/ elle s'appelle pour présenter un camarade.	Il, elle, le/ la camarade, maman, une/ la fille, un/ le garçon.	<p>Histoire 1 : Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l yo fè konesans ak yo. Paul montre mèb avèk bagay nèf ki lakay li. Mario ak Rita montre nouvo jwèt yo.</p> <p>Histoire 2 : Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l yo fè konesans ak yo. Paul montre mèb avèk bagay nèf ki lakay li. Mario ak Rita montre nouvo jwèt yo.</p>	Je vous présente ma camarade, <i>(Montre yon zanmi ak plamen ou.)</i> elle s'appelle Anabelle, elle a 10 ans, <i>(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)</i> elle habite à Jacmel. <i>(Fè jès pou w montre yon kote.)</i>	Zip, Zap	2 et 3
4. Présenter un camarade.	4.2. Structures de phrases se rapportant à la présentation (âge). Phrases déclaratives.	Leçon 12	être capable de dire : Il/ elle a... ans pour présenter un camarade.	Il, elle, le/ la camarade, 7, ans, maman, une fille, un garçon.		Marie a une camade, <i>(Montre yon kamarad ak plamen ou.)</i> elle s'appelle Anabelle, elle a 10 ans, <i>(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)</i> elle habite à Jacmel. <i>(Fè jès pou w montre yon kote.)</i>	Zip, Zap	2
4. Présenter un camarade.	4.3. Structures de phrases se rapportant à la présentation (adresse). Phrases déclaratives.	Leçon 13	être capable de dire : Il/ elle habite... pour présenter un camarade	Carrefour, à Jacmel, âge, un/ une camarade, un/ une ami(e), l'adresse.		Je vous présente ma camarade, <i>(Montre yon zanmi ak plamen ou.)</i> elle s'appelle Anabelle, elle a 10 ans, <i>(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)</i> elle habite à Jacmel. <i>(Fè jès pou w montre yon kote.)</i>	Tik-Tak	3
3. Demander à quelqu'un de se présenter.	3.1. Structures de phrases se rapportant à la présentation. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 14	être capable de dire : Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter.	Présenter, un/ une camarade, Jacmel, l'âge, la fille, le garçon.		Tik-Tak	3	
4. Présenter un camarade.	4.1./ 2./ 3. Structures de phrases se rapportant à la présentation. Phrases déclaratives. (Révision)	Leçon 15 Révision	être capable de dire : Il/ elle s'appelle... Il/ elle a... ans. Il/ elle habite... pour présenter un camarade.	Le/ la camarade, maman, une fille, un garçon, un ami, l'adresse, présenter, l'âge.		-	Tik-Tak	-

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (mobilier de la maison/ classe). Phrases déclaratives. (Introduction)	Leçon 16	être capable de dire : C'est le/ la/ un/ une pour identifier les êtres et les choses de son environnement.	La/une télévision, la/une chaise, le/un buffet, la/ une table, la/ une dodine.	Histoire 2	Voici mon école et voici ma classe, (<i>Lonje bra ou anlè.</i>) <i>C'est ma maitresse,</i> Elle s'appelle Claudia. (<i>Montre Mèt la pandan w ap lonje men dwat ou.</i>) Voici ma gomme et voici mon crayon. (<i>Montre yon gòm ak yon kreyon.</i>)	Jeu de Kim	4
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1 Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (mobilier de la maison/ classe). Phrases déclaratives.	Leçon 17	être capable de dire : Voici le/ la/ un/ une/ l'... pour identifier les êtres et les choses son environnement.	La/une télévision, la/une chaise, le/ un placard, la/ une table, la/une porte.			Jeu de Kim	4
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.2. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (jouets). Phrases déclaratives.	Leçon 18	être capable de dire : C'est le/ la/ un/ une pour identifier les êtres et les choses son environnement.	Une toupie, une poupée, la boule, la corde à sauter, un jeu de dominos.			Jeu de Kim	5
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école). Phrases déclaratives.	Leçon 19	être capable de dire : Voici Madame, Monsieur, le/ la/ un/ une pour identifier les êtres de son environnement.	Le directeur, le maitre/ la maîtresse, voici, madame, monsieur, la classe, l'école.			Zip, Zap	3
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1./ 2./ 3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclaratives (Révision)	Leçon 20	être capable de dire : C'est le/ la/ un/ une ... Voici le/ la/ un/ une, Madame, Monsieur pour identifier les êtres de son environnement.	La/ une table, le tableau, le placard, le maître, la maîtresse, une/ la soeur.			-	Zip, Zap

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
1. Saluer quelqu'un correctement en utilisant les formules usuelles. 2. Se présenter à quelqu'un. 3. Demander à quelqu'un de se présenter.	1. Structures de phrases se rapportant à la présentation. Phrases déclaratives. (Révision) 2.1.2.3. Structures de phrases se rapportant à la présentation. (Révision) 3.1./ 2. Structures de phrases se rapportant à la présentation. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 21 REVISION Leçons 1 à 9	être capable de dire : Je vais bien, merci. Ça va bien, merci , pour saluer quelqu'un. être capable de dire : Je m'appelle... J'ai ... ans J'habite... pour se présenter. être capable de dire : Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter	Le vocabulaire des leçons 1 à 9 Focus : Bonjour, Bonsoir, le/ son nom, l'âge, son adresse.	Histoire 1	Les comptines des leçons 1 à 9	Zip, Zap	-
4. Présenter un camarade. 5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	4.1./ 2./ 3. Structures de phrases se rapportant à la présentation. Phrases déclaratives. (Révision) 5.1./ 2./ 3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclaratives. (Révision)	Leçon 22 REVISION Leçons 11 à 19	être capable de dire : Il/ elle s'appelle... Il/ elle a... ans. Il/ elle habite... pour présenter un camarade. être capable de dire : Voici le/ la/ un/ une... Madame, Monsieur ... C'est le/ la/ un/ une ... pour identifier les êtres et les choses de son environnement.	Il le vocabulaire des leçons 11 à 19 Focus : la table, le placard, la télévision, la dodine, la toupie, mon camion.	Histoire 2	Les comptines des leçons 11 à 19	Zip, Zap	-
Objectifs 1 à 5	Éléments de contenu 1 à 5	Leçon 23 TEST	Objectifs des leçons	Vocabulaire des leçons 1 à 19				1, 3 et 4
Objectifs 1 à 5	Éléments de contenu 1 à 5	Leçon 24 TEST	Objectifs des leçons 1 à 19	Vocabulaire des leçons 1 à 19				1, 3 et 4
Objectifs 1 à 5	Éléments de contenu 1 à 5	Leçon 25 REMÉDIATION	Objectifs des leçons 1 à 19	Vocabulaire des leçons 1 à 19	Histoires 1 et 2	-	Tik-Tak	-

XV. TABLO PWOGRASYON (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (mobilier de la classe/ maison). Phrases déclaratives	Leçon 26	être capable de dire : Oui, c'est le/ la/ un/ une... pour identifier l'objet de la classe.	Un/ le bureau, un/ le buffet, une/ la table, une/ la chaise, un/ le banc, un/ le tableau.	Histoire 3 : Paul ak Rita ap aprann reponn kesyon. Rita rantrè lakay li ak Paul. Rita mande papa li fe menm jwèt la ak yo.	(<i>Mete men ou dèyè do ou.</i>) J'ai quelque chose dans ma main. Est-ce que c'est une craie ? (<i>Montre yon baton lakrè.</i>) Est-ce que c'est une règle ? (<i>Montre yon règ.</i>) Est-ce que c'est un petit caillou ? (<i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap ouvè men l devan klas la.</i>) Oui, c'est un petit caillou	Jakadi a dit	6
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (mobilier de la classe/ maison). Phrases déclaratives	Leçon 27	être capable de dire : Oui, c'est le/ la/ un/ une... pour identifier les objets de la salle de classe.	Une/ la craie, une/ la règle, un/ le livre, un/ le crayon, un/ le cahier, une/ la gomme.		Jakadi a dit	7	
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école). Phrases déclaratives.	Leçon 28	être capable de dire : Oui, c'est le/ la/ l'/ un/ une... pour identifier les personnes de l'école.	Un/ le directeur, un/ l'élève, le maître, la maîtresse, le/ la camarade.		Jakadi a dit	3	
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école). Phrases déclaratives.	Leçon 29	être capable de dire : Oui, c'est le/ la/ l'... pour identifier les personnes et le mobilier de l'école.	Un/ le directeur, un/ le maître, une/ la maîtresse, une/ un élève, un/ le tableau, une/ la table, un/ le bureau.		Jakadi a dit	3, 6 et 7	
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1./ 3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclarative. (Révision)	Leçon 30 Révision	être capable de dire : Oui, c'est le/ la/ l'/ un/ une/ Monsieur/ Madame... pour identifier les personnes et les objets de sa classe.	Un/ le bureau, un/ le buffet, une/ la table, une/ la chaise, un/ le banc, un/ le tableau, Monsieur, Madame		La comptine des leçons 26 à 30	Jwèt Kim	–

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.4. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (objets de la cuisine). Phrases déclaratives.	Leçon 31	être capable de dire : Non, ce n'est pas le/ la/ un/ une... pour identifier les objets de la cuisine.	Un/ le couteau, une/ la cuillère, une/ l'assiette, un/ le gobelet, une/ la fourchette.	Histoire 3	Est-ce que c'est la craie qui bouge ? <i>(Pran yon règ epi souke men ou.)</i> Non, ce n'est pas la craie. <i>(Fè jès ak tèt ou pou di non.)</i>	Jwèt Kim	8
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (mobilier de la maison/ objets de la cuisine). Phrases déclaratives.	Leçon 32	être capable de dire : Non, ce n'est pas le/ la/ un/ une... pour identifier les mobiliers de la maison.	Un/ le lit, un/ le buffet, Une/ la table, une/ la dodine, une/ la télévision.		Est-ce que c'est le couteau qui pique ? <i>(Fè endèks nan men dwat ou pike pla men goch ou.)</i> Non, ce n'est pas le couteau. <i>(Fè jès ak tèt ou pou di non.)</i>	Jakadi a dit	4
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.2./ 1. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (jouet/ mobilier). Phrases déclaratives..	Leçon 33	être capable de dire : Non, ce n'est pas le/ la/ l'/ un/ une... pour identifier des jouets.	Un/ le ballon, un l'osselet, un/ le jouet, un/ le jeu de vaisselle, une/ la poupée, une/ la bille.		Est-ce que c'est la directrice qui parle ? <i>(Metè men w bò bouch ou pou montre yon moun k ap pale.)</i> Non, ce n'est pas la directrice. Est-ce que ce que je dis est vrai ? <i>(Monte zepòl ou, fè tankou w ap poze kesyon.)</i> Oui, oui, oui !! <i>(Fè jès ak tèt ou pou di wi.)</i> Non, non, non !!	Jwèt Wi/ Non	5
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.3. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes de la maison). Phrases déclaratives..	Leçon 34	être capable de dire : Non, ce n'est pas le/ la/ l'/ un/ une... pour identifier les personnes.	Ton papa, ta maman, ton frère, ta sœur, ton enfant.		La comptine des leçons 31 à 34	Jwèt Kim	9
5. Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement.	5.1./ 2/ 3./ 4. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclarative. (Révision)	Leçon 35 Révision	être capable de dire : Non, ce n'est pas le/ la/ l'/ un/ une/ Monsieur/ Madame... pour identifier les personnes et les objets.	Une/ la table, une/ la tasse, un l'osselet, un/ le camion, une/ la bille, un/ le lit.				-

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.1. Phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école/ maison). Phrases interrogatives. (Introduction)	Leçon 36	être capable de dire : Est-ce que c'est... pour identifier les personnes.	Un/ le maître, une/ la maman, un/ le frère, une/ la sœur, un/ une/ l'ami(e), un/ le directeur.	Histoire 4 : Rita envite Paul ak sè li Suzanne. Paul prezante sè li. Paul ap montre Kèk bagay n'è li genyen, epi Rita ap montre li menm tou bèl bagay lakay li.	Est-ce que c'est un animal ? (<i>Fè jès ak zepòl ou tankou lè w ap poze kesyon.</i>) Oui, c'est un animal. (<i>Souke tèt ou pou di wi.</i>) Est-ce qu'il a 2 oreilles (<i>Montre 2 zòrèy ou.</i>) 2 yeux (<i>Montre 2 je ou.</i>) et 4 pattes ? Oui, il a 4 pattes. (<i>Souke tèt ou pou di wi epi montre 4 dwèt.</i>) Est-ce qu'il fait Wou ! Wou ? (<i>Wou ! Wou ! Fè tankou chen ap jape.</i>) Non, ce n'est pas un chien. (<i>Souke tèt ou pou di non.</i>) Est-ce qu'il fait Miaou ! Miaou ? (<i>Fè tankou chat k ap fè Myaw.</i>) Oui, il fait Miaou ! Miaou... (<i>Souke tèt ou pou di wi.</i>) Est-ce que c'est un chat ? (<i>Refè jès 2 zòrèy, 2 je, 4 pat, Myaw.</i>) C'est... c'est... le chat Matou.	Jwèt Kim	3
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.2. Phrases se rapportant à l'identification (objets de la classe). Phrases interrogatives.	Leçon 37	être capable de dire : Est-ce que c'est... pour identifier les objets de la classe.	Une/ la feuille, une/ la plume, un/ le taille-crayon, un/ le crayon, une/ la règle.		2 yeux (<i>Montre 2 je ou.</i>) et 4 pattes ? Oui, il a 4 pattes. (<i>Souke tèt ou pou di wi epi montre 4 dwèt.</i>) Est-ce qu'il fait Wou ! Wou ? (<i>Wou ! Wou ! Fè tankou chen ap jape.</i>) Non, ce n'est pas un chien. (<i>Souke tèt ou pou di non.</i>) Est-ce qu'il fait Miaou ! Miaou ? (<i>Fè tankou chat k ap fè Myaw.</i>) Oui, il fait Miaou ! Miaou... (<i>Souke tèt ou pou di wi.</i>) Est-ce que c'est un chat ? (<i>Refè jès 2 zòrèy, 2 je, 4 pat, Myaw.</i>) C'est... c'est... le chat Matou.	Jwèt Kim	7
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.2. Phrases se rapportant à l'identification (objets de la classe). Phrases interrogatives.	Leçon 38	être capable de dire : Qu'est-ce que c'est ? pour identifier les objets de la classe.	Une/ la gomme, une/ la plume, un/ le crayon, une règle, un/ le cahier.		2 yeux (<i>Montre 2 je ou.</i>) et 4 pattes ? Oui, il a 4 pattes. (<i>Souke tèt ou pou di wi epi montre 4 dwèt.</i>) Est-ce qu'il fait Wou ! Wou ? (<i>Wou ! Wou ! Fè tankou chen ap jape.</i>) Non, ce n'est pas un chien. (<i>Souke tèt ou pou di non.</i>) Est-ce qu'il fait Miaou ! Miaou ? (<i>Fè tankou chat k ap fè Myaw.</i>) Oui, il fait Miaou ! Miaou... (<i>Souke tèt ou pou di wi.</i>) Est-ce que c'est un chat ? (<i>Refè jès 2 zòrèy, 2 je, 4 pat, Myaw.</i>) C'est... c'est... le chat Matou.	Jwèt Kim	7
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.3. Phrases se rapportant à l'identification (jouets). Phrases interrogatives.	Leçon 39	être capable de dire : Qu'est-ce que c'est ? pour identifier les jouets.	Une/ la poupée, un/ le camion, une/ la voiture, un/ le cerf-volant.		2 yeux (<i>Montre 2 je ou.</i>) et 4 pattes ? Oui, il a 4 pattes. (<i>Souke tèt ou pou di wi epi montre 4 dwèt.</i>) Est-ce qu'il fait Wou ! Wou ? (<i>Wou ! Wou ! Fè tankou chen ap jape.</i>) Non, ce n'est pas un chien. (<i>Souke tèt ou pou di non.</i>) Est-ce qu'il fait Miaou ! Miaou ? (<i>Fè tankou chat k ap fè Myaw.</i>) Oui, il fait Miaou ! Miaou... (<i>Souke tèt ou pou di wi.</i>) Est-ce que c'est un chat ? (<i>Refè jès 2 zòrèy, 2 je, 4 pat, Myaw.</i>) C'est... c'est... le chat Matou.	Jakadi a dit	5
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.1./ 2./ 3. Phrases se rapportant à l'identification. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 40 Révision	être capable de dire : Est-ce que c'est... ? Qu'est-ce que c'est ? pour identifier les êtres et les choses de son environnement.	Une/ la gomme, une/ la plume, une/ la règle, un/ le cahier, un/ le livre, une/ la sœur.		La comptine des leçons 31 à 34	Jwèt Kim	-

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.4. Phrases se rapportant à l'identification (objets de la cuisine). Phrases interrogatives.	Leçon 41	être capable de dire : Qu'est-ce que c'est ? pour identifier les objets de la cuisine.	Un/ le couteau, une/ la cuillère, une/ la fourchette, un/ le gobelet, une/ la cafetière, une/ l'assiette.	Histoire 4	Sur l'étagère, (<i>Montre etajè klas la. Si pa genyen, fè kòm si w ap montre yon etajè.</i>) Qu'est-ce que c'est ? C'est la cafetière, (<i>Fè jès yon moun k ap vide yon kafe nan yon tas.</i>) De ma grand-mère. Sur le tapis, (<i>Montre atè a avèk pla men ou.</i>) Qu'est-ce que c'est ? C'est la toupie, (<i>Fè jès yon moun k ap mate yon boul.</i>) C'est la toupie, De Rémi !	Jwèt Kim	8
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.5. Phrases se rapportant à l'identification (mobilier/ objets de la maison). Phrases interrogatives.	Leçon 42	être capable de dire : Qu'est-ce que c'est ? pour identifier les objets et les meubles de la maison.	Le téléphone portable, la télévision, le lit, une dodine, la table.		Jwèt Kim	4	
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.1. Phrases se rapportant à l'identification (personnes de la famille). Phrases interrogatives.	Leçon 43	être capable de dire : Qui est-ce ? pour identifier les personnes de la famille.	Mon papa, ma maman, mon grand-père, ma sœur, ma grand-mère, mon frère		Jwèt Kim	8 et 9	
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.1. Phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école). Phrases interrogatives.	Leçon 44	être capable de dire : Qui est-ce ? pour identifier les personnes de l'école.	Monsieur le directeur, madame la directrice, le maître/ la maîtresse, le gardien, l'élève.		Jwèt Kim	3 et 4	
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement.	6.1. 2./ 3./ 4./ 5. Phrases se rapportant à l'identification. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 45 Révision	être capable de dire : Qu'est-ce que c'est ? Qui est-ce ? pour identifier les êtres et les choses de son environnement.	Papa, monsieur, un/ le maître, une/ la maîtresse, ma soeur, mon frère, la fourchette, le gobelet, la cafetière.		La comptine des leçons 41 à 44	Jwèt Kim	3, 8 et 9

XV. TABLO PWOGRASYION (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
5. Identifiés par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement	5.1. 2/ 3/ 4. Mots et structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclaratives. (Révision)	Leçon 46 REVISION Leçons 26 à 34	être capable de dire : Oui, c'est..., Non, ce n'est pas... pour identifier les êtres et les choses de son environnement.	Le vocabulaire des leçons 26 à 34	Histoire 3	Les comptines des leçons 26 à 34	Zip Zap	–
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement	6.1./ 2./ 3. Phrases se rapportant à l'identification. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 47 REVISION Leçons 36 à 44	être capable de dire : Est-ce que c'est...? Qu'est-ce que c'est ? Qui est-ce ? pour identifier les êtres et les choses de son environnement.	Le vocabulaire des leçons 36 à 44	Histoire 4	Les comptines des leçons 36 à 44	Zip Zap	–
Objectifs 5 et 6	Éléments de contenu 5 et 6	Leçon 48 TEST	Objectifs des leçons 26 à 44	Vocabulaire des leçons 26 à 44				5 et 9
Objectifs 5 et 6	Éléments de contenu 5 et 6	Leçon 49 TEST	Objectifs des leçons 26 à 44	Vocabulaire des leçons 26 à 44				5 et 9
Objectifs 5 et 6	Éléments de contenu 5 et 6	Leçon 50 REMÉ- DIATION	Objectifs des leçons 26 à 44	Vocabulaire des leçons 26 à 44	Histori- res 3 et 4		Jwèt Kim	–

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat	7.1 Structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes de la famille). Phrases déclaratives. (Introduction)	Leçon 51	être capable de dire : C'est... pour identifier les personnes de la famille.	Un/ le papa, une/ la sœur, une/ la maman, un/ le frère, une/ la grand-mère, un/ le grand-père.	Histoire 5 : Rita ak Mario rankontre René. Se yon elèv yon lòt klas. Yo fè konesans. Rita ak Mario gen yon chen René gen youn tou.	Qui a un beau stylo (plume) ? (Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon plim.) Mon frère Mario. (Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon moun ki wo.) Qui a une belle gomme ? (Montre yon gòm.) Maîtresse Simone. (Montre yon ti fi.) Qui joue avec le caillou ? (Montre yon ti wòch.) Le chien Toutou. (Fè jès pou montre 2 ti zòrèy.)	Jwèt Wi/ Non	9
7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat	7.2. Structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école). Phrases déclaratives.	Leçon 52	être capable de dire : C'est... pour identifier les personnes de l'école.	Un/ une élève, le maître, la maîtresse, la dame, le monsieur.		Jwèt Wi/ Non	3	
7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat	7.3. Structures de phrases se rapportant à l'identification (animaux). Phrases déclaratives.	Leçon 53	être capable de dire : C'est... pour identifier les animaux.	Un/ le cheval, un/ le chien, un/ le chat, un/ le poisson, une/ la tortue, un/ le cochon.		Jwèt Wi/ Non	10	
6. Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement 7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat	6.1. Phrases se rapportant à l'identification (personnes de l'école). Phrases interrogatives. (Révision) 7.1. Structures de phrases se rapportant à l'identification (personnes). Phrases déclaratives.	Leçon 54	être capable de dire : Qui est-ce ? pour identifier les personnes de l'école. être capable de dire : C'est... pour identifier les personnes.	Papa, maman, le grand-frère, le maître, la maîtresse, le directeur.		Tik-Tak	3	
7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat.	7.1./ 2./ 3. Structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclaratives. (Révision)	Leçon 55 Révision	être capable de dire : Quel est le nom de... ? Qui est-ce ? C'est... pour identifier des êtres et des lieux de son environnement.	Vocabulaire des leçons 51 à 54		La comptine des leçons 51 à 54	Zip Zap	-

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat	7.4 Structures de phrases se rapportant à l'identification (lieux environnement proche). Phrases déclaratives	Leçon 56	être capable de dire : Mon/ ma... (marché, église...) s'appelle... pour identifier des lieux.	Un/ le marché, une/ l'église, une/ l'école, une/ la rivière, un/ le dispensaire.		Moi, je m'appelle Suzanne. <i>(Mete men ou sou lestomak ou.)</i> Ma ville s'appelle Léogâne. <i>(Fè yon kouba ak men ou anlè tèt ou.)</i>	Tik-Tak	11
8. Demander à quelqu'un de dire le nom des êtres et des lieux de son environnement	8.1. Phrases se rapportant à l'identification (lieux d'habitation). Phrases interrogatives. (Introduction)	Leçon 57	être capable de dire : Comment s'appelle ton/ ta... (quartier, rue...) ? pour demander à quelqu'un d'identifier les lieux.	Ta rue, ton quartier, ta ville, ton village.		Mon petit chien s'appelle Médor. <i>(Desann men ou jis li prèske rive atè.)</i>	Tik-Tak	11
8. Demander à quelqu'un de dire le nom des êtres et des lieux de son environnement	8.2. Phrases se rapportant à l'identification (animaux). Phrases interrogatives.	Leçon 58	être capable de dire : Comment s'appelle ton/ ta... (animal préféré, chien...) pour demander à quelqu'un d'identifier des animaux.	Ton cabri, ton chat, ton chien, ton poisson, ta tortue.		Et toi, comment t'appelles-tu ? <i>(Lonje dwèt ou sou yon elèv.)</i>	En commençant par moi	10
8. Demander à quelqu'un de dire le nom des êtres et des lieux de son environnement	8.3. Phrases se rapportant à l'identification (personnes de la famille/ école/ quartier). Phrases interrogatives.	Leçon 59	être capable de dire : Comment s'appelle ton/ ta... (sœur, frère, maître...) pour demander à quelqu'un d'identifier les personnes de son environnement.	Ta grand-mère, ton frère, ta sœur, ta mère, ton directeur.			En commençant par moi	3 et 9
8. Demander à quelqu'un de dire le nom des êtres et des lieux de son environnement.	7.4 Structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclaratives. (Révision) 8.1./ 2./ 3. Phrases se rapportant à l'identification. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 60 Révision	être capable de dire : Comment s'appelle ton/ ta... ? Comment s'appelle ton animal préféré ? pour demander à quelqu'un d'identifier des êtres et des lieux de son environnement.	Vocabulaire des leçons 56 à 59		La comptine des leçons 56 à 59	En commençant par moi	-

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

					Supports			
Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Histoires	Comptines	Jeux	Poster
9. Dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	9.1. Structures de phrases se rapportant à la localisation (maison). Phrases déclaratives. (Introduction)	Leçon 61	être capable de dire : Le pronom (je) suis (plus le complément) dans/ à/ au... pour se localiser dans la maison.	La/ une chambre, la/ une cuisine, le/ un lit, la/ une table, la/ une cour, le/ un salon.	<p>Histoire 6 : Rita ak Mario ap prepare yo pou y ale lekòl. Jean vini ak manje pou chen an. L ap chèche Toutou. Manman pa la. Dabitid se manman ki mennen Mario ak Rita lekòl.</p>	Le lapin est dans son bain. (<i>Mete chak endèks ou bò tèt ou pou monte zòrèy lapen.</i>) La souris est dans son lit. (<i>Mete 2 menm ou bò machwè ou epi panche tèt ou.</i>) Le mouton est sur un pont. (<i>Fè tankou yon mouton k ap begle.</i>) L'anolis est sur le tapis. (<i>Fè jès yon tapi ak plan men ou.</i>)	Jakadi a dit	4
9. Dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	9.2. Structures de phrases se rapportant à la localisation (personnes). Phrases déclaratives.	Leçon 62	être capable de dire : Le pronom (il/elle) est (plus le complément) dans/ à/ en... pour dire l'endroit où se trouve une autre personne.	Une/ la table, un/ le banc, un/ le bureau, une/ la classe, il/ elle.		Jakadi a dit	11	
9. Dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	9.3. Structures de phrases se rapportant à la localisation (animaux). sous forme déclarative.	Leçon 63	être capable de dire : L'animal est (plus le complément) sur... / dans un/ une/ le/ la/ l'... pour dire l'endroit où se trouve un animal.	Le chien, le chat, le cheval, le cabri, le coq, l'oiseau.		Jakadi a dit	12	
9. Dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	9.4. Structures de phrases se rapportant à la localisation (objets). Phrases déclaratives.	Leçon 64	être capable de dire : L'objet est (plus le complément) sur/ dans un, une, le, la, l'... pour dire l'endroit où se trouve un objet.	Une/ la table, une/ la maison, un/ le camion, une/ l'étagère.		Jakadi a dit	4	
9. Dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	9.1./ 2./ 3./ 4. Structures de phrases se rapportant à la localisation. Phrases déclaratives. (Révision)	Leçon 65 Révision	être capable de dire : La personne/ l'objet/ l'animal/ le pronom suis/ est (plus le complément) dans/ à/ en... pour dire où se trouve une personne, un animal ou une chose.	Vocabulaire des leçons 61 à 64		La comptine des leçons 61 à 64	Jakadi a dit	–

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
10. Demander l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	10.1. Structures de phrases pour localiser (personnes à l'école/ maison). Phrases interrogatives directes. (Introduction)	Leçon 66	être capable de dire : Où est le/ la/ l'... ? pour demander l'endroit où se trouve une personne.	Le directeur, une/ la maîtresse, ta maman, ma soeur.		Où est la maîtresse ? <i>(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap kache dèyè biwo a.)</i>	Zip Zap	11
10. Demander l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	10.2. Structures de phrases pour localiser (animaux). Phrases interrogatives directes.	Leçon 67	être capable de dire : Où est le/ la/ l'... ? pour demander l'endroit où se trouve un animal.	Le chat, le chien, le cabri, la poule, le coq, le toit, la maison.		Derrière le bureau. Où est le bureau ? <i>(Montre biwo a.)</i> À côté du tableau. Où est le tableau ? <i>(Montre tablo a.)</i> Accroché au mur. Mais, où sont les élèves ? <i>(Lonje dwèt sou elèv yo.)</i>	Zip Zap	12
10. Demander l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	10.3. Structures de phrases pour localiser (objets). Phrases interrogatives directes.	Leçon 68	être capable de dire : Où est le/ la/ l'... ? pour demander l'endroit où se trouve un objet.	Le livre, la chaise, le crayon, la table, la gomme.		Ils sont partis à la maison.	Zip Zap	12
10. Demander l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	10.4. Structures de phrases pour localiser (personnes avec un pronom). Phrases interrogatives directes.	Leçon 69	être capable de dire : Où est-t-il/ elle ? pour demander l'endroit où se trouve un garçon ou une fille.	La cour de récréation, une salle de classe, à l'école, la classe, aux toilettes.			Zip Zap	13
10. Demander l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	10.1./ 2./ 3./ 4. Structures de phrases pour localiser. Phrases interrogatives directes. (Révision)	Leçon 70 Révision	être capable de dire : Où est le/ la/ l'... ? Où est-il/ elle ? Il/ elle est... pour demander à quelqu'un de dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose.	Le chat, le toit, le crayon, la table, l'oiseau, le directeur, dans la rue.		La comptine des leçons 66 à 69	Zip Zap	12

XV. TABLO PWOGRESYION (kontinye)

Objectifs spécifiques	Éléments de contenu	Leçons	Objectifs opérationnels	Vocabulaire et structure étudiée	Supports			
					Histoires	Comptines	Jeux	Poster
7. Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat 8. Demander à quelqu'un de dire le nom des êtres et des lieux de son environnement	7.1./2./ 3./ 4. Structures de phrases se rapportant à l'identification. Phrases déclaratives. (Révision) 8.1./ 2./ 3. Phrases se rapportant à l'identification. Phrases interrogatives. (Révision)	Leçon 71 REVISION Leçons 51 à 59	être capable de dire : Mon/ ma.... s'appelle...., le/ la/ l'...s'appelle.... être capable d'identifier des lieux, des animaux et des personnes en disant : Comment s'appelle ton/ ta.... (ville, chien, frère...) pour identifier des êtres et des lieux de son environnement.	Le vocabulaire des leçons 51 à 59	Histoire 5	Les comptines des leçons 51 à 59	Tik-Tak	–
9. Dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose 10. Demander l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose	9.1./ 2./ 3./ 4. Structures de phrases se rapportant à la localisation. Phrases déclaratives. (Révision) 10.1./ 2./ 3./ 4. Structures de phrases pour localiser. Phrases interrogatives directes. (Révision)	Leçon 72 REVISION Leçons 61 à 69	être capable de dire : La personne (je/ il/ elle), l'objet, l'animal... suis/ est (plus le complément) dans/ à/ en... pour dire l'endroit où se trouve une personne, un animal ou une chose.	Le vocabulaire des leçons 61 à 69	Histoire 6	Les comptines des leçons 61 à 69	Tik-Tak	–
Objectifs 7 à 10	Éléments de contenu 7 à 10	Leçon 73 TEST	Objectifs des leçons 51 à 69	Vocabulaire des leçons 51 à 69				9 et 12
Objectifs 7 à 10	Éléments de contenu 7 à 10	Leçon 74 TEST	Objectifs des leçons 51 à 69	Vocabulaire des leçons 51 à 69				9 et 12
Objectifs 7 à 10	Éléments de contenu 7 à 10	Leçon 75 REMÉDIATION	Objectifs des leçons 51 à 69	Vocabulaire des leçons 51 à 69	Histoires 5 et 6		Jakadi a dit	–

XVI. TEKNIK KI POU DEVLOPE NAN TOUT LESON YO

1) KONSEY POU LESON FRANSE YO KA BYEN PASE

Men sa pou ou fè :

Anvan leson an

- Pran yon ti tan pou ou li leson ou pral fè a. Sa ap pèmèt nou pi alèz lè n ap fè kou a.
- Li fò, tout pati ou pral li pou elèv yo an franse oubyen an kreyol. Sa ap pèmèt ou alèz lè w ap di mo oubyen fraz yo epi bay bon ton.
- Li ou byen di plizyè fwa mo ou byen fraz franse ki difisil pou di yo. Sa vle di fraz ki difisil pou pwononse ou byen pou w bay bon ton yo. Sa ap pèmèt ou anseye leson franse yo trè byen.
- Lè ou fin li leson yo plizyè fwa, fèmen gid la, epi eseye sonje pati kèk pati. Sa ap pèmèt ou memorize yo lè ou kòmanse abitye. Konsa, lè w ap prezante leson yo ou pa bezwen kite je w nan gid la. Sa ap pèmèt ou tou fè lòt bagay tankou : gade elèv yo, gade si yo ap suiv leson an, si yo ap patisipe, tandè epi suiv repons yo ap bay.
- Poze tèt ou kesyon sou sa ou sot li a. Sa ap pèmèt ou verifie si w konpran leson an epi gade si ou konpran sa w dwe fè ak sa elèv yo dwe fè nan kou a.
- Rekopye pasaj ki parèt difisil pou ou yo oubyen pasaj ou panse ki enpòtan yo plizyè fwa.
- Eseye memorize kànva leson yo pou w ka byen fè leson an san w pa kite je w nan gid la.
- Fèmen je w epi eseye imajine ou men m k ap prezante leson an.

Pandan leson an

- Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite leson yo.
- Toujou mete anpil gete nan fason w ap prezante leson yo.
- Sonje chwazi menm kantite ti fi ak ti gason pou w poze kesyon
- Sonje chwazi tout elèv (elèv devan, nan mitan, deyè,) pou w poze kesyon.
- Sèvi ak teknik pou poze kesyon ak reponn lè sa nesèsè.
- Mache nan klas la pou verifie si tout elèv ap patisipe nan leson an.
- Ede elèv ki gen difikilte pou fè aktivite yo.
- Byen egzekite konsiy aktivite yo.
- Veye pou pa gen dezòd nan aktivite yo.

2) TEKNIK

Teknik ki devlope yo se apwòch sou konesans ak oryantasyon pedagogik ki nan tout leson yo. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan dwe li teknik sa yo anvan chak leson, jiskaskè li vin maton nan sèvi ak yo. Kalite ansèyman/ aprantisaj la ap depann espesyalman de nivo konpetans mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ki nesèsè pou reyalize aktivite pedagogik sa yo. Genyen twa teknik :

a. TEKNIK POU POZE KESYON KI POU DEVLOPE NAN SENK AKTIVITE YON LESON

Teknik sa a y ap itilize nan tout leson yo bay 5 etap yo dwe nèt ale :

Teknik ki pou devlope nan 5 aktivite yo ki mande poze kesyon :

Mèt la/ madmwazèl la/ madam nan :

- 1) Poze yon kesyon ;
- 2) Bay elèv yo 3 segonn pou yo reflechi ;
- 3) Mande elèv yo bay repons (*Poze 2 ti fi ak 2 ti gason, 2 elèv ki pa leve men yo, ak 2 elèv ki timid kesyon*) ;⁽¹⁾
 - Mande elèv yo fè jès kòmrepons lansi sa nesesè ;
 - Si yon elèv gen difikilte pou l reponn, ede li jwenn bon repons lan ;
 - Si elèv la pa jwenn bon repons lan, bay repons kòrèk ou t ap tann nan ;
- 4) Bay repons lan nan yon fraz oubyen yon egzanp nan menm kontèks la ;
- 5) Fè yo repete modèl la yon fwa.

b. MODÈL DYALÒG KI CHITA SOU KONESANS POU POZE KESYON

Pou ede elèv yo fè pratik, yo bay modèl dyalòg ki chita sou konesans soti nan pwen 3 rive nan pwen 5 nan teknik ki pou devlope nan 5 aktivite yo.

c. TEKNIK « SE TOU PA M » nan POU ELÈV YO VIN MATON NAN DIVÈS FÒM PAWÒL TOU LE JOU

Twazyèm teknik la ap devlope nan yon sèl aktivite. Se aktivite 2C. Se yon demach ki gen 5 etap :

1) Se tou pa m, 2) Tout moun ansanm, 3) Se tou pa w, 4) Pa de, 5) Se tou pa w, ki pa pou ede elèv yo vin maton nan divès fòm pawòl tou le jou.

- Nan aktivite sa a ki la pou elèv la pwouve sa l te aprann, l ap gen pou l sèvi ak modèl ki etidye a dapre jan klas la òganize.

SE TOU PA M : *Mèt la/ madmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak postè a oubyen l ap li pati istwa a yon lòt fwa epi l ap poze kesyon pou l ka fè yo konprann modèl tèks/ vokabilè y ap etidye a.*

- 1) Lè m di « **Se tou pa m** » (*lonje dwèt ou sou ou*), m ap di pou kont mwen.
- 2) Lè m di « **Tout moun ansanm** » (*Mèt la/ madmwazèl la/ madanm nan ap lonje dwèt sou klas la ak soutèt li*), n ap di sa ansanm.
- 3) Lè m di « **Se tou pa w** » (*lonje dwèt ou sou tout klas la*), n ap repete san m pa ede nou.
- 4) Lè m di « **Pa de** », nou pral repete ak yon kamarad. M ap ede nou. (*Mèt la/ madmwazèl la/ madanm nan ap mache nan ranje yo pou l ankouraje gwoup yo oubyen elèv k ap travay a de yo konbine fraz la ak lòt mo. L ap tandè repons yo bay yo, l ap korije chak erè oubyen l ap ranfòse fraz l ap fè elèv yo repete yo.*)
- 5) Lè m di « **Se tou pa w** », (*Elèv mèl la/ madmwazèl la/ madanm nan chwazi a ap repete modèl la. Mèt la/ madmwazèl la/ madanm nan tounen sou tablo a epi li poze 1 ti fi ak 1 ti gason kesyon anvan li al nan yon lòt aktivite oubyen nan yon lòt modèl.*)

⁽¹⁾ **MODÈL DYALÒG** pou kesyon soti nan pwen 3 rive nan pwen 5.

1) Èske ou ka reponn kesyon sa a ? Eseye, n ap ede ou.

2) *Si repons lann kòrèk, di « Se trè byen ». (Pase nan pwen 4 dyalòg la.)*

3) *Si repons lann pa kòrèk oubyen si elèv la di anyen, di « M pral ede w jwenn bon repons lann ».*

Chwazi pami pi devan yo sa ki ka ede elèv yo jwenn repons kòrèk la :

a) *Bay yo endis « Li kòmanse menm jan ak..., Se kontrè..., Nou te di l yè ».*

b) *Bay repons pou yo chwazi : Tande twa pwopozisyon yo byen, reflechi, aprè sa bay repons lann. (Paregzanp : Èske se Maryo, Sizàn, oubyen Jan ?)*

c) *Ankouraje elèv yo sèvi ak sa yo jwenn nan antouraj yo. « Gen desen l sou postè a, nou sèvi ak mo sa nan yon ti istwa semèn pase a. Gade laba a, direktè a gen youn... ».*

4) *Si elèv la pa jwenn repons lan, di « Repons lan... ».*

5) *Bay bon repons lann nan yon fraz konplè epi fè repete l yon fwa. Èske ou ka repete sa m sot di a ? Eseye.*

6) *Di « Se trè byen ».*

d. MACH A SUIV POU POZE KESYON AK REPONN KESYON NAN PATI TI KOZE/ CHANTE YO

M : Kesyon mèt la/ matmazèl la/ madanm nan.

E : Yon elèv ap reponn

M : Mèt la/ matmazèl la/ madanm nan ap reprann repons la nan yon fraz.

M+E : Mèt la/ matmazèl la/ madanm nan ap di repons la ak elèv la

E : Elèv la ap reprann pou kont li.

M : Mèt la ap reprann yon dènye fwa.

e. MACH A SUIV POU REPONN KESYON NAN LOT AKTIVITE YO.

M : Kesyon mèt la/ matmazèl la/ madanm nan

E : Yon elèv ap reponn

M : Mèt la/ matmazèl la/ madanm nan ap reprann repons la nan yon fraz.

M+Ⓔ : Mèt la/ matmazèl la/ madanm nan di l ak elèv yo.

Ⓔ : Elèv yo ap reprann pou kont yo.

M : Mèt la/ matmazèl la/ madanm nan ap reprann yon dènye fwa.

NB. Lè nou wè Ⓔ sa vle di se tout elèv k ap reponn.

XVII. JAN POU YO FÈ ELÈV YO FÈ TÈS

Chak moun ap fè tès la pou kont li. Pandan mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap travay ak yon elèv, lòt elèv yo ap gen aktivite pou y ale pi lwen ki nan dezyèm pati yon tès. Yo ka fè aktivite sa yo pou kont yo, san èd.

1) KONSIY JENERAL POU TÈS YO

Pou elèv la santi li an konfyans, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap rele chak elèv vin fè tès la apa. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan p ap fè okenn remak dekourajan ni devan elèv la, ni devan lòt elèv yo, si elèv la pa ta konn kèk mo oubyen si li ta fè erè pwononsiyasyon.

2) SA KI NAN TÈS YO

Tès fransè oral la gen 3 etap :

1. Dyalòg
2. Konprann sa ou tande
3. Idantifikasyon kichòy nan yon desen

Tout mo ak pawòl ki nan objektif 19 dènye leson yo parèt nan tès la.

KONSIY POU KOREKSYON

1. Dyalòg	W ap pran nòt chak fwa elèv la 1/ twonpe l (<i>pa bay bon repons lan</i>), 2/ mal pwononse mo yo oubyen son yo, 3/ pa di anyen.
2. Konprann sa ou li	W ap pran nòt chak fwa elèv la 1/ twonpe l (<i>pa bay bon repons lan</i>), 2/ pa di anyen.
3. Idantifikasyon nan desen an	W ap pran nòt chak fwa elèv la 1/ twonpe l (<i>pa bay bon repons lan</i>), 2/ pa idantifye sa ki nan desen an kòrèkteman, 3/ pa di anyen.

XVIII. LESON KOREKSYON AN

Après chak peryòd tès, gen yon leson pou korije erè. Li la pou l rezoud pwoblèm ki toujou parèt nan chak tès. Pi gwo objektif leson obligatwa sa a se mete tout elèv nèt nan nivo yo dwe ye a daprè nivo konpetans yo dwe genyen lè peryòd aprantisaj la fini.

XIX. AKTIVITE POU METE CHALÈ

Aktivite sa yo dwe fèt si mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan twouve yo nesèsè. Objektif yo se rasanble klas la, si motivasyon yo bese. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ka fè lòt aktivite ki swiv objektif sa.

Aktivite pou devlopman langaj ak aktivite revèy

Aktivite revèy #1

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Aprè sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *(Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.)*

« Panche a dwat ».

(Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat.)

Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ka fè kèk lòt nan sa yo ki nan bwat aktivite revèy la epi l ap pase nan pwochen aktivite ansèyman.

Bwat aktivite revèy.

1. Panche a dwat
2. Panche a goch
3. Panche devan
4. Kage sou do
5. Vire tèt ou a goch a dwat
6. Pliye kò nou
7. Yon ti vole
8. Kanpe rèd
9. Yon ti danse
10. Souke kò nou

Aktivite revèy #2

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Aprè sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *(Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.)*

« Souke tèt nou ».

(Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou.)

Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ka fè kèk lòt nan sa yo ki nan bwat aktivite revèy la epi l ap pase nan pwochen aktivite ansèyman.

Bwat aktivite revèy.

1. Leve men nou
2. Fèmen men ou
3. Ouvè men ou
4. Lonje dwèt ou
5. Pran yon objè
6. Brase
7. Pouse

Nou ka fè lòt aktivite ki sanble ak sa yo pou kapte atansyon elèv yo lè yo distrè.

LESON 1 RIVE NAN 75

Objectif : Saluer quelqu'un correctement en utilisant les formules usuelles.

Être capable de dire : **Bonjour, Bonsoir, Au revoir.**

Vocabulaire : Bonjour, bonsoir, au revoir madame, monsieur.

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°1

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des son /R/ /E/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./ Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1 Mizantren/ Mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été appris lors de la leçon précédente – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifè sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Ane sa, nou pral aprann pale fransè a pati de bèl ti koze, ti chante, ti istwa ak ti jwèt.

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Se istwa Rita ki gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas.

b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) – 4 mn

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Quand le soleil se lève,

(Fè jès yon boul k ap monte.)

Il me dit bonjour.

Quand le soleil se couche,

(Fè jès yon boul k ap desann.)

Il me dit Bonsoir.

Et moi quand je pars,

Je dis Au revoir.

(Fè tankou l ap pati pandan l ap fè siy ak men l.)

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.*)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap poze yon tifi ak yon ti gason kesyon.*)

M : Ki sa solèy la di ?

E : Bonjour, bonsoir.

M : Solèy la di : Bonjour, Bonsoir.

M+E : Solèy la di : Bonjour, Bonsoir.

E : Solèy la di : Bonjour, Bonsoir.

M : Solèy la di : Bonjour, Bonsoir.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que dit le soleil ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Le soleil dit : Bonjour, Bonsoir.

M : Ki sa m di lè m prale ?

Fè menm jan an pou :

Rep : Lè m prale, mwen di : Au revoir.

Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce que je dis quand je pars ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Quand je pars, je dis au revoir.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : Bonjour, Bonsoir, Au revoir pour se saluer.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte (Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche solèy la.)

M : Ki sa desen sa reprezante ?

E : Solèy la.

M : Desen sa reprezante solèy la.

M+ (E) : Desen sa reprezante solèy la.

(E) : Desen sa reprezante solèy la.

M : Desen sa reprezante solèy la.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

Que représente ce dessin ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Ce dessin représente le soleil.

M : Desen solèy la nan postè a vle di li maten. Ki sa nou di lematen ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Lematen, nou di : Bonjour.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce qu'on dit le matin ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Le matin, on dit : Bonjour.

M : Ki sa desen sa reprezante ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche lalin lan.)

Fè menm jan an pou :

Rép : Desen sa reprezante lalin.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que représente ce dessin ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Ce dessin représente la lune.

M : Desen lalin nan postè a vle di li aprè midi ou byen aswè. Ki sa nou di aprè midi ou byen aswè ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Aprè midi ou byen aswè nou di : Bonsoir.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : L'image de la lune dans le poster veut dire que c'est l'après-midi ou le soir. Que dit-on pour se saluer dans l'après-midi ou le soir ?

Fè menm jan an pou :

Rép : L'après-midi ou le soir, on dit : Bonsoir.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche desen de moun ki fin bay lanmen epi de moun yo k ap separe.)

M : Ki sa yo di lè de moun ap separe ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Lè de moun ap separe, yo di : Au revoir.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que dit-on quand on se sépare ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Quand on se sépare, on dit au revoir.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

M : Rita gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas.

M : Mwen pral li kòmansman istwa a pou nou.

Rita : Bonjour. 🙋

Paul : Bonjour. 🙋

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa Rita di ?

E : Bonjour.

M : Rita di : Bonjour.

M+Ⓜ : Rita di : Bonjour.

LEÇON 1

Ⓔ : Rita di : Bonjour.

M : Rita di : Bonjour.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita dit : Bonjour.

M : Ki sa Paul di ?

Fè menm jan an pou :

Rep : Paul di : Bonjour.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Paul ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul dit : Bonjour.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand je rencontre quelqu'un le matin, je dis : Bonjour.

M : À mon tour M : **Bonjour.**

M : Tous ensemble M+E : **Bonjour.**

M : À votre tour M : **Bonjour.**

M : Par deux E+E : **Bonjour.**

M : À ton tour M : **Bonjour.**

M : Quand je rencontre quelqu'un l'après-midi ou le soir, je dis : Bonsoir.

M : À mon tour M : **Bonsoir.**

M : Tous ensemble M+E : **Bonsoir.**

M : À votre tour M : **Bonsoir.**

M : Par deux E+E : **Bonsoir.**

M : À ton tour M : **Bonsoir.**

M : Quand je quitte quelqu'un, je dis : Au revoir.

M : À mon tour M : **Au revoir.**

M : Tous ensemble M+E : **Au revoir.**

M : À votre tour M : **Au revoir.**

M : Par deux E+E : **Au revoir.**

M : À ton tour M : **Au revoir.**

Activité 3**Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif**
– 4 mn**Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe**

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

(Elèv 1 ap jwe wòl Rita epi elèv 2 ap jwe wòl Paul.)

Elèv 1 (Rita) : Bonjour.

Elèv 2 (Paul) : Bonjour.

Activité 4**Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/**
Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

N ap rete nan plas nou. M ap rete devan. Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di : « ZIP », elèv la ap di : « Bonjour ». Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di : « ZAP », elèv la ap di : « Bonsoir ». Lè m lonje dwèt mwen sou yon elèv, epi m di : « ZIP ZAP », elèv la ap di : « Au revoir ».

Konsiy : Si yon elèv fè erè, l ap pran plas moun k ap mennen jwèt la.

Activité 5**Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : Bonjour, Bonsoir, Au revoir...

M : Aujourd'hui, on a appris à dire : **Bonjour, bonsoir, au revoir pour se saluer.**

Bravo !

Objectif : Se présenter à quelqu'un.

Être capable de dire : **Je m'appelle...**

Vocabulaire : Bonjour, bonsoir, madame, monsieur, Léon, le/ la camarade.

Autre(s) structure(s) de phrase(s) : Bonjour madame/ monsieur, bonsoir, au revoir.

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°1

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /E/ /R/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./ Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1

Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été appris lors de la leçon précédente – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Se istwa Rita ki gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas. Youn salye lòt.

b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) – 4 mn

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Léon

(Fè 2 pa annavan)

se présente tout en blanc,

Pour dire

(Mete men ou bò bouch ou.)

à ses camarades :

Je m'appelle Léon,

(Mete men sou lestomak ou.)

J'ai six ans

(Lonje dwèt ou sou ou epi montre 6 dwèt.)

et j'habite à Cavaillon !

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.*)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap poze yon tifi ak yon ti gason kesyon.*)

M : Ki sa nou di n lè nou rankontre yon moun pou nou salye l ?

E : Bonjour, oubyen bonsoir.

M : Lè nou rankontre yon moun, nou di : Bonjour oubyen bonsoir.

M+E : Lè nou rankontre yon moun, nou di : Bonjour oubyen bonsoir.

E : Lè nou rankontre yon moun, nou di : Bonjour oubyen bonsoir.

M : Lè nou rankontre yon moun, nou di : Bonjour oubyen bonsoir.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce qu'on dit quand on rencontre quelqu'un, pour le saluer ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Quand on rencontre quelqu'un, pour le saluer, on dit : Bonjour ou Bonsoir.

M : Ti gason an di : Mwen rele Léon. E ou menm, ki jan ou rele ?

(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan chwazi yon elèv pou reponn.*)

Fè menm jan an pou :

Rép : Mwen rele... + non elèv la.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Le petit garçon dit : Je m'appelle Léon. Et toi, comment t'appelles-tu ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Je m'appelle... + (*Nom de l'élève.*)

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : Je m'appelle... pour dire son nom.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte (Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen Rita.)

M : Kilès sa ye ?

E : yon ti fi.

M : Se yon ti fi.

M+Ⓜ : Se yon ti fi.

Ⓜ : Se yon ti fi.

M : Se yon ti fi. Imaj ti fi a nan postè a reprezante Rita.

M : Kounye a, nou pral di sa an Fransè.

M : Qui est-ce ?

Fè menm jan an pou :

Rép : c'est une petite fille. L'image de la petite fille dans le poster représente Rita.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen Paul.)

M : Kilès sa ye ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Se yon ti gason. Imaj ti gason an nan postè a reprezante Paul.

M : Kounye a, nou pral di sa an Fransè.

M : Qui est-ce ?

Fè menm jan an pou :

Rép : c'est un petit garçon. L'image du petit garçon dans le poster représente Paul.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen Paul ak Rita ki ap bay lanmen.)

Kisa Rita ak Paul ap fè ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita ak Paul ap prezante tèt yo.

M : Kounye a, nou pral di sa an Fransè :

Que font Rita et Paul ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita et Paul se présentent.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

M : Se istwa Rita ki gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas. Youn salye lòt.

M : Mwen pral li yon pati nan rès istwa a pou nou.

Rita : Comment t'appelles-tu ?

Paul : Je m'appelle Paul. 🗣️

Paul : Et toi, comment t'appelles-tu ?

Rita : Je m'appelle Rita. 🗣️

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tandè mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa Rita di Paul ?

E : Comment t'appelles-tu ?

M : Rita di Paul : Comment t'appelles-tu ?

M+Ⓔ : Rita di Paul : Comment t'appelles-tu ?

Ⓔ : Rita di Paul : Comment t'appelles-tu ?

M : Rita di Paul : Comment t'appelles-tu ?

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que dit Rita à Paul ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita dit à Paul : Comment t'appelles-tu ?

M : Ki sa Paul reponn Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul reponn : Je m'appelle Paul.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que répond Paul à Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul répond : Je m'appelle Paul.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand je me présente, je dis : Je m'appelle... + mon nom.

M : À mon tour

M : **Je m'appelle...**

M : Tous ensemble

M+E : **Je m'appelle...**

M : À votre tour

M : **Je m'appelle...**

M : Par deux

E+E : **Je m'appelle...** (Chak elèv ap di non yo.)

M : À ton tour

M : **Je m'appelle...** (Non elèv la.)

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

(Elèv 1 ap jwe wòl Rita epi elèv 2 ap jwe wòl Paul.)

Elèv 1 (Rita) : Comment t'appelles-tu ?

Elèv 2 (Paul) : Je m'appelle Paul.

Elèv 2 : Et toi, comment t'appelles-tu ?

Elèv 1 : Je m'appelle Rita.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

Nou ap rete nan plas nou. M ap rete devan. Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di : « ZIP », elèv mwen montre a ap di « Bonjour ». Lè m lone dwèt sou yon elèv, epi m di « ZAP », elèv la ap di : « Je m'appelle... ». Lè m lonje dwèt mwen sou yon elèv, epi m di : « ZIP ZAP », elèv la a ap di : « Au revoir ».

Konsiy : Lè yon elèv fè erè, l ap vin moun k ap mennen jwèt la.

Activité 5 Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dy-alòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : Je m'appelle...

M : Aujourd'hui, on a appris à dire : **Je m'appelle... pour dire son nom.**

Bravo !

Objectif : Se présenter à quelqu'un.

Être capable de dire : **J'ai... ans.**

Vocabulaire : Âge, se présenter, bonjour, bonsoir, j'ai... ans.

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°2

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /R/ /U/ /E/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./ Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1

Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été appris lors de la leçon précédente – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Rita ki gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas. Youn salye lòt, epi youn di lòt non yo.

b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) – 4 mn

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Léon

(Fè 2 pa annavan)

se présente tout en blanc,

Pour dire

(Mete men ou bò bouch ou.)

à ses camarades :

Je m'appelle Léon,

(Mete men sou lestomak ou.)

J'ai six ans

(Lonje dwèt ou sou ou epi montre 6 dwèt.)

et j'habite à Cavaillon !

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz yo ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.*)

M : Ti gason an di : Mwen rele Léon. E ou menm, Kijan ou rele ?
(*Mèt chwazi yon elèv pou reponn.*)

E : (*Elèv la di non l.*)

M : Mwen rele... + (*Non elèv la.*)

M+E : Mwen rele... + (*Non elèv la.*)

E : Mwen rele... + (*Non elèv la.*)

M : Mwen rele... + (*Non elèv la.*)

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Le petit garçon dit : Je m'appelle Léon. Et toi, comment t'appelles-tu ?
Fè menm jan an pou :

Rép : Je m'appelle... + (*Non elèv la.*)

M : Ti gason an di : Mwen gen sizan. E ou menm, ki laj ou ?

Fè menm jan an pou :

Rep : Mwen gen + (*Laj elèv la.*)

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Léon a dit : J'ai 6 ans. Et toi quel âge as-tu ?

Fè menm jan an pou :

Rép : J'ai... + (*Laj elèv la.*) ans.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à : **Dire : j'ai... ans, pour dire son âge.**

Activité 2 **Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte** **(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn**

(*Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.*)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(*Mèt la a lonje dwèt li sou desen ki nan postè a k ap ede timoun yo reponn.*)

(*Mèt la touche imaj Rita ak Paul.*)

M : Kilès de timoun sa yo ye ?

E : Se Rita ak Paul.

M : De timoun sa yo se Rita ak Paul.

M+Ⓔ : De timoun sa yo se Rita ak Paul.

LEÇON 3

Ⓔ : De timoun sa yo se Rita ak Paul.

M : De timoun sa yo se Rita ak Paul.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Qui sont ces enfants ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Ces enfants sont Rita et Paul.

M : Rita ak Paul ap prezante tèt yo. Kisa Rita ka di Paul pou li di laj li ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita ka di : Mwen genyen... + laj li.

Kounye a, nou pral di sa an franse.

Rita et Paul se présentent. Qu'est-ce que Rita peut dire à Paul pour lui dire son âge ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita peut dire : J'ai... + son âge.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Rita ki gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas. Youn salye lòt, epi youn di lòt non yo.

M pral li yon pati nan rès istwa a pou nou.

Rita : Quel âge as-tu ?

Paul : J'ai 7 ans. 👉

Rita : Quel âge as-tu ?

Paul : J'ai 7 ans. 👉

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Kisa Rita di Paul nan istwa a ?

E : Quel âge as-tu ?

M : Rita di Paul : Quel âge as-tu ?

M+(E) : Rita di Paul : Quel âge as-tu ?

(E) : Rita di Paul : Quel âge as-tu ?

M : Rita di Paul : Quel âge as-tu ?

Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que dit Rita à Paul dans l'histoire ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita dit à Paul : Quel âge as-tu ?

M : Kisa Paul reponn Rita nan istwa a ?

Fè menm jan an pou :

Rèp : Paul reponn : J'ai 7 ans.

Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que répond Paul à Rita dans l'histoire ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul répond : J'ai 7 ans.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand je veux dire mon âge, je dis : J'ai... + (le chiffre) ans.

M : À mon tour

M : **J'ai... ans.**

M : Tous ensemble

M+E : **J'ai... ans.**

M : À votre tour

M : **J'ai... ans.**

M : Par deux

E+E : **J'ai... (L'âge de l'élève) ans.**

M : À ton tour

M : **J'ai... (L'âge de l'élève) ans.**

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

Élève 1 : Bonjour. Je m'appelle Rita. J'ai 7 ans.

Élève 2 : Bonjour. Je m'appelle Paul. J'ai 7 ans.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ **Généralisation – Intégration – 5 mn**

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

M : N ap rete nan plas nou. M ap lonje dwèt mwen sou yon elèv epi m ap di « ZIP », elèv m montre a ap di « Je m'appelle... + non li. » Lè m di « ZAP », elèv la ap di : « J'ai... + laj li ». Lè m di « ZIP ZAP », elèv m montre a ap met yon dwèt sou bouch li.

Konsiy : Lè yon elèv twonpe l, l ap vin moun k ap mennen jwèt la.

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : J'ai... ans.

M : Aujourd'hui nous avons appris à dire : **J'ai... ans, pour dire son âge.**

Bravo !

Objectif : Se présenter à quelqu'un.

Être capable de dire : **J'habite...**

Vocabulaire : Se présenter, habiter, le/ son âge, appeler le/ son nom, le/ son prénom.

Autre(s) Structure(s) : Je m'appelle..., J'ai... ans...

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°1

Information(s) complémentaire(s) :

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo). /
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

**a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été
appris lors de la leçon précédente – 3 mn**

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Rita ki gen yon nouvo zanmi lekòl la. Yo nan menm klas. Youn salye lòt, epi youn di lòt non ak laj yo.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Léon

(Fè 2 pa annavan)

se présente tout en blanc,

Pour dire

(Mete men ou bò bouch ou.)

à ses camarades :

Je m'appelle Léon,

(Mete men sou lestomak ou.)

J'ai six ans

(Lonje dwèt ou sou ou epi montre 6 dwèt.)

et j'habite à Cavaillon !

LEÇON 4

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.*)
M : Kounye a, m pral li rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap li dousman pandan lap byen pwononse mo yo.)

Timoun yo rantre nan klas la, yo rankontre madam Claudia.

M : M pral li istwa semèn nan pou nou.

Madame Claudia : Bonjour les élèves.

Elèves : Bonjour Madame.

Madam Claudia gade Rita.

Madame Claudia : Comment t'appelles-tu ? 🗣️

Rita : Je m'appelle Rita.

Madame Claudia : Quel âge as-tu ? 🗣️

Rita : J'ai 7 ans.

Direktè a vini nan klas la nan aprèmidi.

Directeur : Bonsoir les élèves.

Elèves : Bonsoir Monsieur.

Direktè a vire fas li bay Paul.

Directeur à Paul : Comment vas-tu ? 🗣️

Paul : Je vais bien, merci. 🗣️

Directeur : Où habites-tu ? 🗣️

Paul : J'habite à Carrefour.

Direckè a pale ak madam Claudia epi lè li prale, li gade elèv yo.

Directeur : Au revoir les élèves.

Elèves : Au revoir Monsieur.

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap repase yo lè m ap li, leve pous nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap revize yo pandan lap di yo byen fò.

Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap verifeye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann teks la. L ap itilize bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Nan istwa a, ki sa madam nan di pou li salye elèv yo ?

E : Bonjour les élèves.

M : Nan istwa a, madam nan di : Bonjour les élèves.

M+ⓔ : Nan istwa a, madam nan di : Bonjour les élèves.

ⓔ : Nan istwa a, madam nan di : Bonjour les élèves.

M : Nan istwa a, madam nan di : Bonjour les élèves.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Dans l'histoire, que dit la maîtresse pour saluer les élèves ?

Fè menm jan an pou :

Rép : La maîtresse dit : Bonjour les élèves.

M : Nan istwa a, ki sa direktè a di Paul pou l mande l adrès li?

Fè menm jan an pou :

Rép : Direktè a di : Où habites-tu ?

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Dans l'histoire, que dit le directeur à Paul pour lui demander son adresse ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Le directeur dit : Où habites-tu ?

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif **– 4 mn**

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot revize yo. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap revize yo. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

LEÇON 10

(Elèv 1 ap jwe wòl madam nan elèv 2 ak 3 ap jwe wòl elèv epi youn nan yo ap jwe wòl Rita lè Rita dwe pale.)

Elèv 1 : Bonjour les élèves.

Elèv 2 ak 3 : Bonjour Madame.

Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou Rita.

Elèv 1 : Quel âge as-tu ?

Elèv 3 : J'ai 7 ans.

Elèv 1 : Où habites-tu ?

Elèv 3 : J'habite à Carrefour.

Elèv 1 : Au revoir les amis. C'était une belle journée.

Elèv 2 ak 3 : Au revoir madame.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Tik-Tak

Règ jwèt la :

M ap ba nou kenbe yon moso lakrè. N ap fè l pase men an men. M ap vire do m bay klas la. M ap di Tik-Tak, Tik-Tak... pandan 2 a 10 segonn. Lè mwen vire fas mwen epi m di « Bow » byen fò, elèv ki gen moso lakrè a nan men lan ap kanpe pou li di kamarad ki bò kote l la : Comment t'appelles-tu ? Elèv li di sa a ap reponn : Je m'appelle... + non l.

Fè menm jan an pou : **Où habites-tu ? Quel âge as-tu ? Comment vas-tu ?**

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te repase jodi a ?

E : Comment t'appelles-tu ? Comment vas-tu ? Je vais bien, merci. Quel âge as-tu ? J'ai... ans. Où habites-tu ? J'habite...

M : Aujourd'hui on a révisé : **Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? pour demander à quelqu'un de se présenter ; Comment vas-tu ? Je vais bien, merci, pour se saluer.**

Bravo !

Objectif : Présenter un camarade.

Etre capable de dire : **Il/ elle s'appelle...**

Vocabulaire : Il, elle, le/ la camarade, maman, la/ une fille, le/ un garçon.

Autre(s) structure(s) de phrase(s) : Comment s'appelle-t-il/ elle ?

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°2 et 3.

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /R/ /U/.

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènve leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Prezantasyon nouvèl istwa a/ Présentation de la nouvelle histoire – 3 mn

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Jodi a, nou pral kontinye li istwa Rita. Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Paul envite Rita ak Mario lakay li a. Li fè paran l fè konesans ak yo. Paul montre mèb nèf ki lakay li. Mario ak Rita montre jwèt yo fenk genyen.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Je vous présente ma camarade.
(Montre yon zanmi ak pla men ou.)
elle s'appelle Anabelle,
elle a 10 ans,
(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)
elle habite à Jacmel.
(Fè jès pou w montre yon kote.)

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.)*

LEÇON 11

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap poze yon tifi ak yon ti gason kesyon.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.)

M : Kòman kanmarad Mari a rele ?

E : Anabelle.

M : Li rele Anabelle.

M+E : Li rele Anabelle.

E : Li rele Anabelle.

M : Li rele Anabelle.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Comment s'appelle la camarade de Marie ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Elle s'appelle Anabelle.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.)

M : Kanmarad Mari a rele Anabelle e ou menm kòman kanmarad ou a rele ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Li rele + (Non kanmarad la.)

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : La camarade de Marie s'appelle Anabelle. Et toi, comment s'appelle ton/ ta camarade ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Il/ Elle s'appelle + nom du/ de la camarade de l'élève.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : Il/ elle s'appelle... pour présenter un/ une camarade.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte **(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade desen an byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche desen Rita.)

M : Ki jan ti fi sa a rele ?

E : Rita.

M : Li rele Rita.
 M+Ⓜ : Li rele Rita.
 Ⓜ : Li rele Rita.
 M : Li rele Rita.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.
 M : Comment s'appelle cette petite fille ?
 Fè menm jan an pou :
 Rép : Elle s'appelle Rita.

(Mèt la/ matwazèl la/ madam nan touche imaj Paul.)
 M : Ki jan ti gason sa a rele ?
 Fè menm jan an pou :
 Rép : Li rele Paul.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.
 M : Comment s'appelle ce petit garçon ?
 Fè menm jan an pou :
 Rép : Il s'appelle Paul.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.
 (Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l yo fè konesans ak yo. Paul montre mèb avèk bagay nèf ki lakay li. Mario ak Rita montre nouvo jwèt yo.

M : Mwen pral li kòmansman istwa a pou nou.

Toc, Toc, Toc !

Paul : Bonjour Rita, bonjour Mario.

Mario : Bonjour Paul, ça va ?

Paran Paul yo nan kay la.

Mario : Bonjour madame, bonjour monsieur.

Rita : Bonjour madame, bonjour monsieur.

Paul prezante Rita bay manman l.

Paul : Elle s'appelle Rita. 🖱

LEÇON 11

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tandè mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò.
Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa
konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L
ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa Mario ak Rita di lè yo rive kay Paul nan istwa a ?

E : Bonjour monsieur, bonjour madame.

M : Mario ak Rita di : Bonjour monsieur, bonjour madame.

M+Ⓔ : Mario ak Rita di : Bonjour monsieur, bonjour madame.

Ⓔ : Mario ak Rita di : Bonjour monsieur, bonjour madame.

M : Mario ak Rita di : Bonjour monsieur, bonjour madame.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que disent Mario et Rita en arrivant chez Paul dans l'histoire ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Mario et Rita disent : Bonjour monsieur, bonjour madame.

M : Ki sa Paul di pou l prezante Rita nan istwa a ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul di : Elle s'appelle Rita.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Paul pour présenter Rita dans l'histoire ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour présenter Rita, Paul dit : Elle s'appelle Rita.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Pour présenter une personne, on dit : Il/ Elle s'appelle... + le nom de la personne. Si c'est un garçon, on dit il s'appelle...

M : À mon tour

M : **Il s'appelle...**

M : Tous ensemble

M+E : **Il s'appelle...**

M : À votre tour

E : **Il s'appelle...**

M : Par deux

E+E : **Il s'appelle...**

M : À ton tour

E : **Il s'appelle...**

Si c'est une fille, on dit : Elle s'appelle...

M : À mon tour

M : **Elle s'appelle...**

M : Tous ensemble

M+E : **Elle s'appelle...**

M : À votre tour

E : **Elle s'appelle...**

M : Par deux

E+E : **Elle s'appelle...**

M : À ton tour

E : **Elle s'appelle...**

Activité 3 **Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif** **– 4 mn**

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz y ap aprann an. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

Elèv 1 (fi) : Bonjour.

Elèv 2 et 3 (gason) : Bonjour.

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-il ?

Elèv 1 : Il s'appelle... (non elèv 2).

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-elle ?

Elèv 2 : Elle s'appelle... (non elèv 1).

Activité 4 **Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/** **Généralisation – Intégration – 5 mn**

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

N ap rete nan plas nou. Lè mwen lonje dwèt mwen sou yon elèv mwen di : « Zip », elèv mwen montre a ap prezante yon ti fi nan klas la pandan l ap di : Elle s'appelle... + non ti fi a. Lè mwen di : « Zap », elèv mwen montre a ap prezante yon ti gason nan klas la, pandan l ap di : Il s'appelle... + non ti gason an. Lè mwen di : « Zip Zap », elèv mwen montre a ap prezante mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan pandan l ap di : Il s'appelle... ak non mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan (si se yon gason). Elle s'appelle... (si se yon fi.)

Konsiy : Lè yon elèv twonpel, l ap vin moun k ap mennen jwèt la.

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : Il/ elle s'appelle...

M : Aujourd'hui, on a appris á dire : **Il/ elle s'appelle... pour présenter un/ une camarade.**

Bravo !

Objectif : Présenter un camarade.

Être capable de dire : **Il/ elle a... ans.**

Vocabulaire : Il, elle, un/ une camarade, Jacmel, ans, une fille, un garçon.

Autre(s) structure(s) de phrases : Quel âge a-t-il/ elle ?

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°2

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /R/ /U/.

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

**a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été
appris lors de la leçon précédente – 3 mn**

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Li di non Rita.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Marie a une camarade,
(Montre yon kamarad ak pla men ou.)
elle s'appelle Anabelle,
elle a 10 ans,
(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)
elle habite à Jacmel.
(Fè jès pou w montre yon kote.)

LEÇON 12

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.*)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap poze yon tifi ak yon ti gason kesyon.*)

(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.*)

M : Kòman kanmarad Marie a rele ?

E : Anabelle.

M : Li rele Anabelle.

M+E : Li rele Anabelle.

E : Li rele Anabelle.

M : Li rele Anabelle.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Comment s'appelle la camarade de Marie ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Elle s'appelle Anabelle.

M : Ki laj li genyen ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Li gen 10 zan.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Quel âge a-t-elle ?

Rép : Elle a 10 ans.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : Il/ elle a... ans, pour dire l'âge de son/ sa camarade.

Activité 2**Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte
(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche desen Rita.)

M : Daprè nou, ki laj Rita genyen ?

E : 7 an.

M : Li genyen 7 an.

M+[ⓔ] : Li genyen 7 an.

[ⓔ] : Li genyen 7 an.

M : Li genyen 7 an.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : D'après vous, quel âge a Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Elle a 7 ans.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche imaj Paul.)

M : Daprè nou, ki laj Paul genyen ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Li genyen 7 an.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : D'après vous, quel âge a Paul ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Il a 7 ans.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

LEÇON 12

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Li di non Rita.

M : Mwen pral li yon pati nan rès istwa a pou nou.

Maman : Quel âge a-t-elle ?

Paul : Elle a 7 ans. 🙌

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò.
Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa manman Paul di pou mande laj Rita ?

E : Quel âge a-t-elle ?

M : Pou mande laj Rita, manman Paul di : Quel âge a-t-elle ?

M+Ⓔ : Pou mande laj Rita, manman Paul di : Quel âge a-t-elle ?

Ⓔ : Pou mande laj Rita, manman Paul di : Quel âge a-t-elle ?

M : Pou mande laj Rita, manman Paul di : Quel âge a-t-elle ?

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit la maman de Paul pour demander l'âge de Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour demander l'âge de Rita, la maman de Paul dit : Quel âge a-t-elle ?

M : Ki sa Paul di pou l di laj Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul di : Elle a 7 ans.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Paul pour dire l'âge de Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour dire l'âge de Rita, Paul dit : Elle a 7 ans.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Pour dire l'âge de quelqu'un, on dit : Il/ Elle a... + l'âge de la personne + ans. Si c'est un garçon on dit : il a... ans.

M : À mon tour

M : **Il a... ans.**

M : Tous ensemble

M+E : **Il a... ans.**

M : À votre tour

M : **Il a... ans.**

M : Par deux

E+E : **Il a... ans.**

M : À ton tour

M : **Il a... ans.**

Si c'est une fille on dit : Elle a... ans.

M : À mon tour

M : **Elle a... ans.**

M : Tous ensemble

M+E : **Elle a... ans.**

M : À votre tour

M : **Elle a... ans.**

M : Par deux

E+E : **Elle a... ans.**

M : À ton tour

M : **Elle a... ans.**

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

Elèv 1 (fi) : Bonjour.

Elèv 2 et 3 (gason) : Bonjour.

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-il ?

Elèv 1 : Il s'appelle... (non elèv 2.)

Elèv 3 : Quel âge a-t-il ?

Elèv 1 : Il a... (âge de l'élève 2.) ans.

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-elle ?

Elèv 2 : Elle s'appelle... (nom de l'élève 1.) ans.

Elèv 3 : Quel âge a-t-elle ?

Elèv 2 : Elle a... (âge de l'élève 1.) ans.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

Nou ap rete nan plas nou. Mwen ap lonje dwèt sou yon elèv m ap di : « Zip », elèv mwen montre a ap di laj yon tifi ki nan klas la pandan l ap montre l ak yon jès epi di : « Elle a... ans ». Lè mwen di « Zap », elèv mwen montre a ap di laj yon ti gason nan klas la, pandan l ap montre l ak yon jès epi di : « Il a... ans ». Lè mwen di : « Zip Zap », tout moun ap di laj Rita tifi ki nan istwa a byen fò : Elle a 7 ans.

Konsiy : Lè yon elèv twonpel, l ap vin moun kap mennen jwèt la. Nan klas ki pa gen ti fi ou ti gason, mèl la/ matmwazèl la/ madam nan ap sévi ak postè 2 a kote elèv yo ap touche yon timoun pou yo di laj li.

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèl la/ matmwazèl la/ madam nan ap sévi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : Il/ elle a... ans.

M : Aujourd'hui, on a appris à dire : **Il/ elle a... ans, pour dire l'âge de son/ sa camarade.**

Bravo !

Objectif : Présenter un camarade.

Être capable de dire : **Il/ elle habite...**

Vocabulaire: Carrefour, à Jacmel, âge, un/ une camarade, un/ une ami(e), l'adresse.

Autre(s) structure(s) de phrase(s) : Où habite-t-il/ elle ?

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°3

Information(s) complémentaire(s) : –

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

**a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été
appris lors de la leçon précédente – 3 mn**

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Li di manman l non ak laj Rita.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Je vous présente ma camarade.

(Montre yon zanmi ak pla men ou.)

elle s'appelle Anabelle,

elle a 10 ans,

(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)

elle habite à Jacmel.

(Fè jès pou w montre yon kote.)

LEÇON 13

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avèm. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.*)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap poze yon tifi ak yon ti gason kesyon.*)

(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.*)

M : Kòman kanmarad Mari a rele ?

E : Anabelle.

M : Li rele Anabelle.

M+E : Li rele Anabelle.

E : Li rele Anabelle.

M : Li rele Anabelle.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Comment s'appelle la camarade de Marie ?

Fé menm jan an pou :

Rép : Elle s'appelle Anabelle.

(*Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.*)

M : Ki kote li rete ?

Fé menm jan an pou :

Rep : Li rete Jacmel.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Où habite-elle ?

Fé menm jan an pou :

Rép : Elle habite à Jacmel.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : Il/ elle habite..., pour dire l'adresse d'un/ une camarade.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte **(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn**

(*Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.*)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.*)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan touche desen postè a.)

M : Ki sa nou wè madam Claudia ap fè ?

E : L ap montre yon elèv.

M : Madam Claudia ap prezante Rita ak Paul yon elèv.

M+ⓔ : Madam Claudia ap prezante Rita ak Paul yon elèv.

ⓔ : Madam Claudia ap prezante Rita ak Paul yon elèv.

M : Madam Claudia ap prezante Rita ak Paul yon elèv.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Que fait madame Claudia ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Madame Claudia présente Rita et Paul à un elève.

M : Ki sa nou di lè n ap di kote yon moun rete ?

Fé menm jan an pou :

Rep : Lè n ap di kote yon moun rete, nou di : li rete... + non kote a.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce qu'on dit pour dire où habite quelqu'un ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour dire où habite quelqu'un on dit : Il/ elle habite... + le nom de l'endroit.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Li di non ak kote Rita rete.

M : Mwen pral li yon ti pati nan rès istwa a pou nou.

Paul : Elle s'appelle Rita.

Maman : Quel âge a-t-elle ?

Paul : Elle a 7 ans.

Maman : Où habite-t-elle ?

Paul : Elle habite à Carrefour. 📍

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò.

Tounen nan istwa a.)

LEÇON 13

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifeye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa manman Paul di pou l ka konn kote Rita rete ?

E : Où habite-t-elle ?

M : Manman Paul di : Où habite-t-elle ?

M+(E) : Manman Paul di : Où habite-t-elle ?

(E) : Manman Paul di : Où habite-t-elle ?

M : Manman Paul di : Où habite-t-elle ?

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce que la maman de Paul dit pour savoir où habite Rita ?

Fé menm jan an pou :

Rép : Pour savoir où habite Rita, la maman de Paul dit : Où habite-t-elle ?

M : Ki sa Paul di pou l di kote Rita rete ?

Fé menm jan an pou :

Rép : Paul di : Elle habite à Carrefour.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce que Paul dit pour dire où habite Rita ?

Fé menm jan an pou :

Rép : Pour dire où habite Rita, Paul dit : Elle habite à Carrefour.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

M : Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Pour dire où habite un garçon, on dit : Il habite... + l'endroit.

M : À mon tour M : **Il habite...**

M : Tous ensemble M+E : **Il habite...**

M : À votre tour M : **Il habite...**

M : Par deux E+E : **Il habite...**

M : À ton tour M : **Il habite...**

M : Pour dire où habite une fille, on dit : Elle habite... + l'endroit.

M : À mon tour M : **Elle habite...**

M : Tous ensemble M+E : **Elle habite...**

M : À votre tour M : **Elle habite...**

M : Par deux E+E : **Elle habite...**

M : À ton tour M : **Elle habite...**

Activité 3**Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif
– 4 mn****Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe**

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz y ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

Elèv 1 : *(fi)* : Bonjour.

Elèv 2 : *(gason)* : Bonjour.

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-il ?

Elèv 1 : Il s'appelle... *(non elèv 2)*.

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-elle ?

Elèv 2 : Elle s'appelle... *(non elèv 1)*.

Elèv 3 : Où habite-t-il ?

Elèv 1 : Il habite... *(Kote elèv 2 rete)*.

Elèv 3 : Où habite-t-elle ?

Elèv 2 : Elle habite... *(Kote elèv 1 rete)*.

Activité 4**Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/
Généralisation – Intégration – 5 mn**

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Tik-Tak

Règ jwèt la :

M ap bay yon elèv kenbe yon moso lakrè. M ap vire do bay klas la epi m ap di : Tik-Tak, Tik-Tak. M ap fè sa pandan 2 ak 10 segonn. Pandan tan sa a, elèv yo ap fè moso lakrè pase men an men. Aprè 10 segonn, m ap di : « Bow » *(byen fò)* epi m ap tounen bay klas la fas mwen. Elèv ki gen moso lakrè a nan men l lan pandan m te di bow la, ap di : kote zanmi ki sou kote l la rete. L ap sèvi ak fòm fraz sa a : « Il habite... »

Ekzanp : Il habite à Carrefour.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap reprann plizyè fwa ak lòt elèv.)

Activité 5 Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : Il/elle habite...

M : Aujourd'hui, on a appris à dire : **Il/ elle habite...**, pour dire l'adresse d'un/ une camarade.

Bravo !

Objectif : Demander à un camarade de se présenter.

Être capable de dire : **Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ?**

Vocabulaire : Présenter, un/ une camarade, Jacmel, l'âge, une/ la fille, un/ le garçon

Autre(s) structure(s) de phrase(s) : Je m'appelle..., J'ai... ans, J'habite...

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°3

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation du son /U/.

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

**a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été
appris lors de la leçon précédente – 3 mn**

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Li di manman l non, laj Rita ak kote li rete.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Je vous présente ma camarade,
(Montre yon zanmi ak pla men ou.)
elle s'appelle Anabelle,
elle a 10 ans,
(Fè jès pou montre yon moun ki wo.)
elle habite à Jacmel.
(Fè jès pou w montre yon kote.)

LEÇON 14

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap poze yon tifi ak yon ti gason kesyon.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.)

M : Ki laj Anabelle genyen ?

E : 10 an.

M : Li genyen 10 an.

M+E : Li genyen 10 an.

E : Li genyen 10 an.

M : Li genyen 10 an.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Quel âge a Anabelle ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Elle a 10 an.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan lonje dwèt li sou yon elèv.)

M : Kamarad Mari a gen 10 an, e ou menm ki laj ou ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Mwen genyen + laj elèv la an.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : La camarade de Marie a 10 ans, et toi, quel âge as-tu ?

Fè menm jan an pou :

Rép : J'ai (+ laj elèv la) ans.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : Comment t'appelles tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? pour demander à un camarade de se présenter.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte **(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

M : Kilès nou wè Rita ak Paul ap gade ?

E : Madam nan.

M : Rita ak Paul ap gade madam nan.

M+ (E) : Rita ak Paul ap gade madam nan.

(E) : Rita ak Paul ap gade madam nan.

M : Rita ak Paul ap gade madam nan.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qui Rita et Paul regardent-ils ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita et Paul regardent la maîtresse.

M : Sou Kilès Rita lonje dwèt li ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita lonje dwèt sou Paul.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qui Rita pointe-t-elle du doigt ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita pointe Paul du doigt.

M : Lè n ap mande ki jan yon moun rele, ki sa nou di ?

Fè menm jan an pou :

Rep : Lè n ap mande kijan yon moun rele nou di : Kouman ou rele ?

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce qu'on dit pour demander à quelqu'un son nom ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour demander le nom de quelqu'un on dit : Comment t'appelles-tu ?

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kes-yon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Li di non Rita, kote l rete ak laj li.

Mwen pral li yon pati nan rès istwa a pou nou.

Mario prezante tèt li.

Mario : Je m'appelle Mario.

Maman : Quel âge as-tu ? 🙋

Mario : J'ai 8 ans.

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.*)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon. (*Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifeye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.*)

M : Ki sa Mario te di pou l prezante tèt li ?

E : Je m'appelle Mario.

M : Mario te di : Je m'appelle Mario.

M+ⓔ : Mario te di : Je m'appelle Mario.

ⓔ : Mario te di : Je m'appelle Mario.

M : Mario te di : Je m'appelle Mario.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce que Mario a dit pour se présenter ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour se présenter, Mario a dit : Je m'appelle Mario.

M : Ki sa manman Paul mande Mario pou l ka konn laj li ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Manman Paul di : Quel âge as-tu ?

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce que la maman de Paul dit à Mario pour connaître son âge ?

Fè menm jan an pou :

Rép : La maman de Paul dit : Quel âge as-tu ?

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand on veut demander à quelqu'un son nom, on dit : Comment t'appelles-tu ?

M : À mon tour	M : Comment t'appelles-tu ?
M : Tous ensemble	M+E : Comment t'appelles-tu ?
M : À votre tour	M : Comment t'appelles-tu ?
M : Par deux	E+E : Comment t'appelles-tu ?
M : À ton tour	M : Comment t'appelles-tu ?

M : Quand on veut demander à quelqu'un son âge, on dit : Quel âge-as-tu ?

M : À mon tour	M : Quel âge as-tu ?
M : Tous ensemble	M+E : Quel âge as-tu ?
M : À votre tour	M : Quel âge as-tu ?
M : Par deux	E+E : Quel âge as-tu ?
M : À ton tour	M : Quel âge as-tu ?

M : Quand on veut demander à quelqu'un son adresse, on dit : Où habites-tu ?

M : À mon tour	M : Où habites-tu ?
M : Tous ensemble	M+E : Où habites-tu ?
M : À votre tour	M : Où habites-tu ?
M : Par deux	E+E : Où habites-tu ?
M : À ton tour	M : Où habites-tu ?

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

Elèv 1 : Bonjour, comment vas-tu ?
Elèv 2 : Je vais bien merci. Comment t'appelles-tu ?
Elèv 1 : Je m'appelle... (non elèv la.)
Elèv 2 : Quel âge as-tu ?
Elèv 1 : J'ai... ans (laj elèv la.)
Elèv 2 : Où habites-tu ?
Elèv 1 : J'habite à... (adrès elèv la.)
Elèv 2 : C'est bien. On habite tout près.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Tik-Tak

Règ jwèt la :

M ap bay yon elèv kenbe yon moso lakrè. M ap vire do bay klas la epi m ap di : Tik-Tak, Tik-Tak, m ap di sa pandan 2 ak 10 segonn. Pandan tan sa a, elèv yo ap fè moso lakrè a pase men an men. Aprè 10 segonn, m te di : « Bow » (*byen fò*) epi m ap tounen bay klas la fas mwen. Elèv ki gen moso lakrè a nan men l lan pandan m te di bow la, ap kanpe pou l mande kamarad ki chita kote l la : non, laj ak kote li rete pandan l ap lonje dwèt sou elèv l ap poze kesyon a, ak fòm fraz sa yo. Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? Epi kamarad la ap reponn.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap repete jwèt la 3 fwa ak lòt elèv.)

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : Elle habite, elle s'appelle.

M : Aujourd'hui, on a appris à dire : **Comment t'appelles-tu ? Quel âge as-tu ? Où habites-tu ? pour demander à un/ une camarade de se présenter.**

Bravo !

Objectif : Présenter un camarade.

Être capable de dire : **Il/ elle s'appelle... ; Il/ elle a ; Il/ elle habite...**

Vocabulaire : Un/ une/ le/ la camarade, maman, une/ la fille, un/ le garçon, l'âge, un/ une/ l'ami(e), une/ l'adresse, présenter.

Autre(s) structure(s) de phrase(s) : Comment s'appelle-t-il/ elle ? Quel âge a-t-il/ elle ? Où habite-t-il/ elle ?

Matériel(s) : Guide du maître

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /R/ /U/ /E/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo). Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1

Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été appris lors de la leçon précédente – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Paul di manman l non, laj Rita ak kote li rete. Mario prezante tèt li.

M : Aujourd'hui, on va réviser :

Il/ elle s'appelle... Il/ elle a... Il/ elle habite..., pour présenter un camarade.

Activité 2

Koute istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 12 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Kounye a, m pral li istwa semèn nan de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : Map li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan lap byen pwononse mo yo.)

LEÇON 15

Toc, Toc, Toc !

Paul : Bonjour Rita, Bonjour Mario.

Mario : Bonjour Paul, ça va ?

Paran Paul yo nan kay la.

Mario : Bonjour madame, Bonjour monsieur.

Rita : Bonjour madame, Bonjour monsieur.

Paul prezante Rita bay manman l.

Paul : Elle s'appelle Rita. 🗣️

Maman : Quel âge a-t-elle ?

Paul : Elle a 7 ans. 🗣️

Maman : Où habite-t-elle ?

Paul : Elle habite à Carrefour. 🗣️

Mario prezante tèt li.

Mario : Je m'appelle Mario.

Maman : Quel âge as-tu ?

Mario : J'ai 8 ans.

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz nap repase yo lè m ap li, leve pous nou anlè.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap repase yo pandan lap di yo byen fò.
Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap itilize bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa Paul di pou li di laj Rita ?

E : Elle a 7 ans.

M : Pou l di laj Rita, Paul di : Elle a 7 ans.

M+Ⓜ️ : Pou l di laj Rita, Paul di : Elle a 7 ans.

Ⓜ️ : Pou l di laj Rita, Paul di : Elle a 7 ans.

M : Pou l di laj Rita, Paul di : Elle a 7 ans.

M : Kounye a, nou pral di sa an Fransè.

M : Qu'est-ce que Paul dit pour dire l'âge de Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour dire l'âge de Rita, Paul dit : Elle a 7 ans.

M : Ki sa Mario di pou I prezante tèt li ?

E : Je m'appelle Mario.

Fè menm jan an pou :

Rép : Pou I prezante tèt li, Mario di : Je m'appelle Mario. J'ai 8 ans.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce que Mario dit pour se présenter ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour se présenter, Mario dit : Je m'appelle Mario. J'ai 8 ans.

Activité 3 **Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif** – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot revize yo. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz y ap revize yo. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

Elèv 1 (*fi*) : Bonjour ! Comment vas-tu ?

Elèv 2 (*gason*) : Bonjour ! Je vais bien merci.

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-il ?

Elèv 1 : Il s'appelle... (*non elèv 2*).

Elèv 3 : Comment s'appelle-t-elle ?

Elèv 2 : Elle s'appelle... (*non elèv 1*).

Elèv 3 : Quel âge a-t-il ?

Elèv 1 : Il a (*laj elèv 2*).

Elèv 3 : Quel âge a-t-elle ?

Elèv 2 : Elle a (*laj elèv 1*).

Elèv 3 : Où habite-t-il ?

Elèv 1 : Il habite... (*adrès elèv 2*).

Elèv 3 : Où habite-t-elle ?

Elèv 2 : Elle habite... (*adrès elèv 1*).

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Tik-Tak

Règ jwèt la :

M ap bay yon elèv kenbe yon moso lakrè. M ap vire do bay klas la epi m ap di : Tik-Tak, Tik-Tak. M ap di sa pandan 2 ak 10 segonn. Pandan tan sa a, n ap fè moso lakrè a pase men an men. Aprè 10 segonn, m ap di : « Bow » (*byen fò*) epi m ap bay klas la fas mwen. Elèv ki gen moso lakrè a nan men l lan pandan m ap di bow la, ap di : non l, laj li, kote l rete ak fòm fraz sa yo : Je m'appelle..., J'ai... ans, J'habite...

Egzanp : Je m'appelle Rita. J'ai 7 ans. J'habite à Carrefour.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madam nan rekòmanse ak tik tak la lè li di BOW, elèv ki gen mòso lakrè a, ap prezante lòt elèv ki sot prezante tèt li a pandan l ap di : Il/ Elle s'appelle..., il/ elle a... ans, il/ elle habite.)

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te repase jodi a ?

E : Le nom de son camarade – Il/ elle s'appelle. Il/ elle habite...

M : Aujourd'hui, on a révisé : **Il/ Elle s'appelle, Il/ Elle habite..., Il/ Elle a... ans, pour présenter un ou une camarade.**

Bravo !

Objectif : Identifier les êtres et les choses de son environnement.

Être capable de dire : **C'est la/ le/ l'/ un/ une...**

Vocabulaire : La/ une télévision, la/ une chaise, le/ un buffet, la/ une table, la/ une dodine.

Autre structure de phrase : Qu'est-ce que c'est ?

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°4

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /R/ /U/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./ Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1

Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été appris lors de la leçon précédente – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

Se istwa Paul ki envite Rita ak Mario lakay li. Li fè paran l fè konesans ak yo. Paul prezante Rita epi Mario prezante tèt li.

b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) – 4 mn

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Voici mon école et voici ma classe,
(Lonje bra ou anlè.)
 C'est ma maîtresse,
 Elle s'appelle Claudia.
(Montre Mèt la pandan w ap lonje men dwat ou.)
 Voici ma gomme
 et voici mon crayon.
(Montre yon gòm ak yon kreyon.)

LEÇON 16

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.)

Objectif : Identifier les êtres et les choses de son environnement par des énoncés appropriés.

Être capable de dire : **Oui, c'est... Non, ce n'est pas....**

Vocabulaire : un/ le tableau, un/ le professeur, un/ l'élève, une/ la table, une/ la fourchette, un/ le buffet, maman, une/ la bille, un/ le bol, une/ la toupie.

Autre(s) structure(s) : Est-ce que c'est... ?

Matériel(s) : Guide du maître

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons : /R/ /U/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./ Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1 **Revizyon leson fwa pase a ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson/ Se souvenir de ce qui a été appris lors des leçons précédentes – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye konesans pase yo.)

M : Kounye a, se leson franse, nou pral aprann pale ak konprann Fransè.

M : Kounye a m pral di sa an Fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Jodi a, nou pral revize tout sa nou te aprann nan leson Fransè yo. Eske yon elèv ka fè m sonje sa nou te aprann semèn pase yo ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap korije oubyen konplete repons timoun yo.)

M : Kounye a, m pral di sa an Fransè.

M : Aujourd'hui, nous allons réviser tout ce que nous avons appris dans les leçons précédentes. *(Le maître/ la maîtresse vérifie les connaissances acquises précédemment.)*

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Paul ak Rita aprann reponn kesyon. Rita antre lakay li ak Paul. Lè Rita rive lakay li, li mande papa l fè menm jwèt la avèk yo.

Activité 2

Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 8 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo.)

Madame nan envite Rita ak Paul vin devan tablo a epi li pwopoze yo yon jwèt.

Rita : Est-ce que c'est le tableau ?

Paul : Oui c'est le tableau. 👍

Rita : Est-ce que c'est une gomme ?

Paul Oui, c'est une gomme. 👍

Rita : Est-ce que c'est la maîtresse ?

Paul : Oui, c'est la maîtresse. 👍

Rita rantr lakay li avèk Paul. Li mande papa l pou l fè menm jwèt yo te fè lekòl la avèk yo. Papa a dakò men l chanje règ la.

Papa montre la fourchette : Est-ce que c'est un bol ?

Rita rigole : Non, ce n'est pas un bol. 👍

Papa montre la table : Est-ce que c'est un buffet ?

Paul : Non, ce n'est pas un buffet. C'est une table. 👍

Papa montre la toupie : Est-ce que c'est une bille ?

Rita : Non, ce n'est pas une bille. C'est la toupie. 👍

Papa montre maman : Est-ce que c'est Jean ?

Rita et Paul : Non, ce n'est pas Jean, c'est maman. 👍

Papa montre Jean : Est-ce que c'est Mario ?

Paul en riant : Non, ce n'est pas Mario, c'est Jean. 👍

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap revize yo lè m ap li, leve pous nou anlè. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap revize yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)*

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifie si elèv yo konprann epi l ap eslike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap itilize bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Lè Rita mande Paul : « Est-ce que c'est un tableau ? » Ki sa Paul reponn ?

E : Oui, c'est un tableau.

M : Paul reponn : Oui, c'est un tableau.

M + ⓔ : Paul reponn : Oui, c'est un tableau.

ⓔ : Paul reponn : Oui, c'est un tableau.

M : Paul reponn : Oui, c'est un tableau.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Lorsque Rita demande à Paul : « Est-ce que c'est un tableau ? », que répond Paul ?

Fè menm jan an pou :

Rèp : Paul répond : Oui, c'est un tableau.

M : Lè papa a montre bifèt la epi li mande : « Est-ce que c'est une table ? » Ki sa Rita reponn ?

Fè menm jan an pou :

Rèp : Rita di : Non, ce n'est pas une table. C'est un buffet.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Lorsque le papa de Rita lui montre une table et lui demande : « Est-ce que c'est un buffet ? », que répond Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rèp : Rita répond : Non, ce n'est pas un buffet. C'est une table.

Activité 3

Fè Pratik- Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif **– 6 mn**

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe.

M : Kounye a, nou pral fè yon ti prezantasyon sou sa nou te aprann yo. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap revize yo. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

M ap mande de elèv pou pase devan an. Youn ap poze kesyon epi youn ap reponn. Y ap sèvi ak desen ki nan postè 6 la.

Elèv 1 (*touche desen chèz la*) : Est-ce que c'est une chaise ?

Elèv 2 : Oui, c'est une chaise.

Elèv 1 (*touche desen bifèt*) : Est-ce que c'est un tableau ?

Elèv 2 : Non, ce n'est pas un tableau. C'est un buffet.

Elèv 1 : Est-ce que c'est un bureau ?

Elèv 2 : Oui, c'est un bureau.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

M ap kanpe devan nou, n ap rete nan plas nou. Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di « ZIP », elèv la ap poze kesyon : « Est-ce que c'est + non bagay oubyen moun m ap touche a ? »

Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di : « ZAP », elèv la dwe reponn kesyon kamarad la poze a, pandan l ap di : « Oui, c'est + non bagay oubyen moun m ap touche a. »

Lè m di : « ZIP ZAP », nou p ap di anyen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap reprann jwèt la plizyè fwa.)

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te repase jodi a ?

E : Oui, c'est... Non, ce n'est pas...

M : Aujourd'hui, on a révisé : **Oui, c'est..., Non, ce n'est pas..., pour identifier les êtres et les choses de son environnement.**

Bravo !

Objectif : Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement.
 Être capable de dire : **Est-ce que c'est... ? Qu'est-ce que c'est ? Qui est-ce ?**
 Vocabulaire : Un/ le crayon, un/ le camion, une/ la toupie, un/ le placard, un/ le maître, un/ une/ l'élève.
 Autre(s) structure(s) : Oui, c'est... ; Non, ce n'est pas..., c'est...
 Matériel(s) : Guide du maître
 Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation du son /R/.

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
 Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
 de stratégies).**

Activité 1

Revizyon leson fwa pase a ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson/ Se souvenir de ce qui a été appris lors des leçons précédentes – 3 mn

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye konnesans pase yo.)

M : Kounye a, se leson franse, nou pral aprann pale ak konprann Fransè.

M : Kounye a m pral di sa an Fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Jodi a, nou pral rewè tout sa nou te aprann nan leson Fransè yo. Èske yon elèv ka fè m sonje sa nou te aprann semèn pase yo ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap korije oubyen konplete repons timoun yo.)

M : Kounye a, m pral di sa an Fransè.

M : Aujourd'hui, nous allons réviser tout ce que nous avons appris dans les leçons précédentes. *(Le maître/ la maîtresse vérifie les connaissances acquises précédemment.)*

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Se istwa Rita ki envite Paul ak Susanne, sè li, lakay li. Paul ap prezante sè l la. Paul ap montre bagay nèf li genyen. Epi Rita ap montre bagay nèf ki nan kay la.

Activité 2

Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 8 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

LEÇON 47

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo.)

Rita envite Paul ak sè li Suzanne. Paul prezante sè li. Paul ap montre kèk bagay nèt li genyen, epi Rita ap montre li menm tou bèl bagay lakay li.

Rita : Bonjour Paul !

Paul : Bonjour Rita !

Rita : Est-ce que c'est ta sœur ? 🗣️

Paul : Oui, c'est ma sœur Susanne.

Susanne : Bonjour Rita !

Rita : Bonjour !

Rita à Paul : Est-ce que c'est ton nouveau cahier ? 🗣️

Paul : Oui, c'est mon nouveau cahier pour l'école.

(Rita gade kreyon ki limen an.)

Rita : Qu'est-ce que c'est ? 🗣️

Suzanne : C'est un crayon qui s'allume quand on écrit.

Rita : C'est bien !

Rita : Qu'est-ce que c'est ? 🗣️

Paul : C'est ma toupie. Elle est jolie ?

Rita : Oui, elle est jolie.

(Timoun yo nan kizin nan.)

Suzanne : Qu'est-ce que c'est ? 🗣️

Rita : C'est la nouvelle cafetière.

Paul montre quelque chose sur la table : Qu'est-ce

que c'est ? 🗣️

Rita : C'est le téléphone portable de mon frère.

(Jan vin parèt.)

Paul : Qui est-ce ? 🗣️

Rita : C'est mon frère Jean.

Jean : Qui est-ce ? 🗣️

Rita : C'est mon camarade de classe Paul et sa sœur Suzanne.

(Timoun yo al jwe nan lakou a ak toupie a.)

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap revize yo lè m ap li, leve pous nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap revize yo pandan l ap di yo byen fò.

Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap itilize bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki sa Paul di lè Jan rive ?

E : Qui est-ce ?

M : Paul di : Qui est-ce ?

M+Ⓔ : Paul di : Qui est-ce ?

Ⓔ : Paul di : Qui est-ce ?

M : Paul di : Qui est-ce ?

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Paul lorsque Jean est arrivé ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul dit : Qui est-ce ?

M : Ki sa Rita di lè li wè kreyon Suzanne nan ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita di : Qu'est-ce que c'est ?

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Rita lorsqu'elle voit le crayon de Suzanne ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Rita dit : Qu'est-ce que c'est ?

M : Ki sa Paul di pou l mande Rita sa ki sou tab la ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul dit : Qu'est-ce que c'est ?

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Que dit Paul pour demander à Rita d'identifier l'objet qui est sur la table ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Paul dit : Qu'est-ce que c'est ?

Activité 3

Fè Pratik- Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif **– 6 mn**

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe.

M : Kounye a, nou pral fè yon ti prezantasyon sou sa nou te aprann yo. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap revize yo. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

(Elèv 1 an ap jwe wòl Rita ; elèv 2, Paul ; elèv 3 ap jwe wòl Jean ; elèv 4, Suzanne.)

Elèv 1 (Rita) : Bonjour Paul !

Elèv 2 (Paul) : Bonjour Rita !

Elèv 1 (Rita) : Est-ce que c'est ta sœur ?

Elèv 2 (Paul) : Oui, c'est ma sœur Suzanne.

Elèv 2 (Paul) : Qui est-ce ?

Elèv 1 (Rita) : C'est mon frère Jean.

Elèv 3 (Jean) : Qui est-ce ?

Elèv 1 (Rita) : C'est mon camarade de classe Paul et sa sœur Suzanne.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Zip Zap

Règ jwèt la :

N ap rete nan plas nou. M ap montre yon bagay oubyen yon moun (*crayon, avion, toupie, placard, téléphone portable, le maître, l'élève*).

Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di : « ZIP », elèv la ap poze kesyon « Qu'est-ce que c'est ? » ou « Qui est-ce ? »

Lè m lonje dwèt sou yon elèv, epi m di : « ZAP », elèv la dwe reponn kesyon kamarad la poze a pandan m ap di : « C'est + le nom de l'objet ou de la personne ». Lè m di : « Zip Zap », elèv m lonje dwèt sou li a ap met dwèt sou bouch li.

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te repase jodi a ?

E : Est-ce que c'est... ? Qu'est-ce que c'est ? Qui est-ce ?

M : Aujourd'hui, on a révisé : **Est-ce que c'est... ? Qu'est-ce que c'est ? Qui est-ce ? pour demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement.**

Bravo !

Tès 2

Tès pou verifeye sa elèv la aprann nan franse oral depi nan leson 26 rive nan leson 44.

Jou tès la, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè elèv yo vini youn pa youn pou poze yo kesyon. Pandan tan sa, rès klas la ap fè aktivite yo.

*Atansyon : Se yon kontwòl ou bay chak elèv nòt pou li ; lòt elèv yo pa dwe tande ni repons ou, ni repons elèv w ap poze kesyon an (pou evite pou lòt yo pa repete).

Dialogue/ Dyalòg	<p>1) <i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon tab epi l ap mande : Est-ce que c'est une table ? Oui, c'est une table.</i></p> <p>2) <i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon tablo epi l ap mande : Est-ce que c'est un banc ? Non, ce n'est pas un banc.</i></p> <p>3) <i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon kaye epi l ap mande : Qu'est-ce que c'est ? C'est un cahier.</i></p> <p>4) <i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon gòm epi l ap mande : Qu'est-ce que c'est ? C'est une gomme.</i></p> <p>5) <i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon kamarad nan klas la epi l ap mande : Qui est-ce ? C'est (le nom du camarade) ou c'est un camarade, c'est un ami, c'est mon ami.</i></p>
Compréhension orale/ Konprann sa nou tande	<p><i>Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li tèks la :</i></p> <p>La maîtresse de Rita et de Paul s'appelle Claudia. Son animal préféré c'est le chat. Le chat de Claudia s'appelle Minou.</p> <p><i>(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze kesyon sa yo :)</i></p> <p>1) <i>Comment s'appelle la maîtresse de Rita ? Claudia.</i></p> <p>2) <i>Qui est Paul ? C'est l'ami de Rita.</i></p> <p>3) <i>Est-ce que son animal préféré est le chat ? Oui, c'est le chat.</i></p> <p>4) <i>Comment s'appelle le chat de Claudia ? Minou.</i></p>
Identification à partir d'une image/ Idantifikasyon sa ki nan desen	<p><i>(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap mande elèv la gade postè 5 la byen.)</i></p> <p>1) <i>L ap montre yon boul epi l ap mande : Est-ce que c'est un ballon ? Oui, c'est un ballon.</i></p> <p>2) <i>L ap montre yon kòd epi l ap mande : Est-ce que c'est la corde à sauter ? Oui, c'est la corde à sauter.</i></p> <p>3) <i>L ap montre yon avyon epi l ap mande : Est-ce que c'est un camion ? Non, ce n'est pas un camion.</i></p> <p><i>(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap mande elèv la gade postè 9 la byen.)</i></p> <p>4) <i>L ap montre manman an epi l ap mande : Qui est-ce ? C'est maman (la maman de Rita).</i></p> <p>5) <i>L ap montre papa a epi l ap mande : Est-ce que c'est Rita ? Non, ce n'est pas Rita.</i></p>

* Repons (fraz/ mo) elèv yo dwe bay yo an italik.

NIVO REYISIT

Pou mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ka kontinye ak rès leson yo, fòk 80 % elèv yo rive nan nivo reyisit tès la. Si yon aktivite pi ba pase nivo reyisit la, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap refè aktivite a ak tout gwoup la nan pwochen leson an.

- Dyalòg : Elèv la bay repons ki kòrèk ak bon pwononsyasyon pou **4 kesyon sou 5**.
- Konprann sa nou tande : Elèv la reyisi si li bay **3 bon repons sou 4**.
- Idantifikasyon sa ki nan yon desen : Elèv la bay repons ki kòrèk pou **4 kesyon sou 5**.

(Jou tès la, pandan w ap poze chak elèv kesyon youn aprè lòt, w ap bay lòt elèv yo twa aktivite sa yo pou yo fè.)

Kounye a, mwen pral poze chak elèv kesyon youn aprè lòt. Pandan tan sa a, n ap fè aktivite sa yo.

Pran kaye nou ak kreyon nou.

Aktivite 1 **Objè ki nan klas la - 14 mn**

(Afiche postè 7 la.)

Desine 4 bagay ki nan postè a nan kaye nou.

Aktivite 2 **Fanmi - 14 mn**

Desine fanmi nou. Fè atansyon ak rad yo ak gwosè nou fè moun yo.

Aktivite 3 **Fanmi - 2 mn**

Kiyès ki ka montre m desen bagay ki nan klas la ? *(Mande 2 elèv.)*

Kiyès ki ka montre m desen fanmi li ? *(Mande 2 elèv.)*

(Si sa nesèsè, ou ka sèvi ak aktivite anplis yo.)

Aktivite anplis - 14 mn

Desine yon asyèt, yon kouto, yon kiyè, yon fouchèt ak yon gode.

Aktivite anplis - 14 mn

(Afiche postè 8 la.)

Fè desen yon moun k ap fè ji ak yon moun k ap bwè yon gwo vè dlo.

Objectif : Identifier par des énoncés appropriés, les êtres et les choses de son environnement ; Demander à quelqu'un d'identifier les êtres et les choses de son environnement.

Etre capable de dire : **Qui est-ce ? C'est... (un prénom, monsieur, madame) ; Qu'est-ce que c'est ? C'est... ; Est-ce que c'est... ? Oui, c'est de l'/ de la/ un/ une... ; Oui, c'est Monsieur, Madame, un prénom... Non, ce n'est pas le/ la/ l'/ du/ de la/ de l'/ un/ une... ; Non, ce n'est pas Monsieur, Madame, un prénom...**

Vocabulaire : Le vocabulaire des 19 leçons vues précédemment.

Autre(s) structure(s) :-

Matériel(s) : Guide du maître, poster(s) N°1, 2, 3, 4, 5

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation des sons /R/ /U/ /E/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. (Ale nan paj teknik yo). Strategies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1 **Premye koze/ Introduction – 1 mn**

M : Nan tèz nou te fè yè ak avan yè a, nou te wè anpil ti moun te gen difkilte. Jodi a, nou pral rewè sa nou pa t byen konprann yo, pou tout elèv ka konprann menm bagay.

Activité 2 **Ranfòsman/ Aprofondisman/ Renforcement- Approfondissement – 10 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 6 mn

M : Kounye a, m pral li de istwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : Si nou tande : **Qui est-ce ? C'est... (un prénom, monsieur, madame) ; Qu'est-ce que c'est ? C'est... ; Est-ce que c'est... ? Oui, c'est le/ la/ l'/ du/ de la/ de l'/ un/ une... ; Oui, c'est... (monsieur, madame, un prénom) ; Non, ce n'est pas du/ de la/ de l'/ le/ la/ l'/ un/ une... ; Non, ce n'est pas... (monsieur, madame, un prénom)** pandan m ap li a, leve pou nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Madam nan envite Rita ak Paul pou yo mete yo devan tablo a epi li propoze yon jwèt.

Rita : Est-ce que c'est le tableau? 🗉

Paul : Oui c'est le tableau. 🗉

Rita : Est-ce que c'est une gomme ? 🗉

Paul : Oui, c'est une gomme. 🗉

Rita : Est-ce que c'est la maîtresse ? 🗉

Paul : Oui, c'est la maîtresse. 🗉

Rita rantrè lakay li ak Paul. Rita mande papa l fè menm jwèt sa yo te fè lekòl la. Papa dakò, men li chanje règ la.

Papa montre la fourchette : Est-ce que c'est un bol ? 🗉

Rita rit : Non, ce n'est pas un bol. 🗉 C'est une fourchette. 🗉

Papa montre la table : Est-ce que c'est un buffet ? 🗉

Paul : Non, ce n'est pas un buffet, 🗉 c'est une table. 🗉

Papa montre la toupie : Est-ce que c'est une bille ? 🗉

Rita : Non, ce n'est pas une bille, 🗉 c'est la toupie. 🗉

Papa montre maman : Est-ce que c'est Jean ? 🗉

Rita et Paul : Non, ce n'est pas Jean, 🗉 c'est maman.

Papa montre Jean : Est-ce que c'est Mario ? 🗉

Paul en riant : Non, ce n'est pas Mario, 🗉 c'est Jean !! 🗉

Paul ak Suzanne envite kay Rita. Paul pote yon toupie, yon nouvo kaye ak yon kreyon k ap limen lè l ap ekri. Li prezante sè li a.

Rita : Bonjour Paul !

Paul : Bonjour Rita !

Rita : Est-ce que c'est ta sœur ? 🇧🇩

Paul : Oui, c'est ma sœur Suzanne. 🇧🇩

Suzanne : Bonjour Rita.

Rita : Bonjour.

Rita à Paul : Est-ce que c'est ton nouveau cahier ? 🇧🇩

Paul : Oui, c'est mon nouveau cahier pour l'école. 🇧🇩

Rita ap gade kreyon an k ap limen.

Rita : Qu'est-ce que c'est ? 🇧🇩

Suzanne : C'est un crayon qui s'allume quand on écrit. 🇧🇩

Rita : C'est bien !

Rita : Qu'est-ce que c'est ? 🇧🇩

Paul : C'est ma toupie. 🇧🇩 Elle est jolie ?

Rita : Oui, elle est jolie.

Timoun yo nan kizin nan.

Suzanne : Qu'est-ce que c'est ? 🇧🇩

Rita : C'est la nouvelle cafetière. 🇧🇩

Paul montre quelque chose sur la table : Qu'est-ce que c'est ? 🇧🇩

Rita : C'est le téléphone portable de mon frère. 🇧🇩

Jean rive.

Paul : Qui est-ce ? 🇧🇩

Rita : C'est mon frère Jean. 🇧🇩

Jean : Qui est-ce ? 🇧🇩

Rita : C'est mon camarade de classe Paul et sa sœur Suzanne. 🇧🇩

Timoun yo al jwe nan lakou a avèk yon toupie.

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann, epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks yo. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons la nan yon fraz.)

M : Que dit Rita quand elle montre Suzanne ?

E : Est-ce que c'est ta sœur ?

M : Rita dit : Est-ce que c'est ta sœur ?

M + (E) : Rita dit : Est-ce que c'est ta sœur ?

(E) : Rita dit : Est-ce que c'est ta sœur ?

M : Rita dit : Est-ce que c'est ta sœur ?

M : Que dit Rita quand elle voit le nouveau cahier ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Est-ce que c'est ton nouveau cahier ?

M : Que dit Rita quand elle voit le nouveau crayon ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Qu'est-ce que c'est ?

M : Que dit Paul quand il voit Jean ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Qui est-ce ?

Activité 3

Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures - 5 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Kounye a, nou pral fè pratik sou fraz yo :

M (*montre yon kaye*) : Est-ce que c'est un cahier ?

E : Oui, c'est un cahier.

M (*montre yon kreyon*) : Est-ce que c'est une gomme ?

E : Non, c'est un crayon.

M (*Lonje dwèt sou yon elèv epi mande yon lòt elèv pou li reponn.*) : Est-ce que c'est... ?

E : Oui, c'est...

M (*montre yon liv*) : Qu'est-ce que c'est ?

E : C'est un livre.

M (*Lonje dwèt ou sou yon elèv epi poze yon lòt kesyon.*) : Qui est-ce ?

E : C'est...

Activité 4**Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite /
Généralisation Intégration – 7 mn**

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou kijan li fèt.

Jwèt Kim

Règ jwèt la :

Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon elèv pou mennen jwèt la. Elèv la vini sou biwo a avèk valiz li. Li sere yon bagay nan valiz la.

Bagay yo se: kaye, kreyon, liv, valiz lekòl, gòm, lakrè.

Elèv yo dwe devine sa li gen nan valiz la pandan l ap sèvi ak modèl fraz sa :

M : Est-ce que c'est... ?

Moun ki ap mennen jwèt la ap reponn :

E : Oui c'est... Non, ce n'est pas...

Egzanp : Moun k ap mennen jwèt la sere yon gòm. Elèv li lonje dwèt sou li a di : « Est-ce que c'est une règle ? »

Moun ki ap mennen jwèt la reponn : « Non, ce n'est pas une règle. »

Yon lòt elèv di : « Est-ce que c'est une gomme ? »

Moun ki ap mennen jwèt la di : « Oui, c'est une gomme. »

Konsiy : Chak lè yon elèv jwenn bon repons lan, li pran plas moun ki ap mennen jwèt la.

Activité 5**Rezime/ Rappel et clôture – 3 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Èske nou te renmen leson an ?

M: Pou ki sa ?

M : Kiyès ki ka fè yon bagay yo pa t ka fè avan leson sa a ?

M : Ki sa ?

Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap repete bon repons yo nan yon fraz konplè ki nan fòm sa a :

M : Maintenant tu sais dire : pour :

Si pa gen elèv ki reponn, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap ankouraje yo reponn ak fòm fraz sa a :

M : Kiyès ki ka fè yon fraz ak « Qui est-ce ? »

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap reprann kesyon an nan fòm elèv pa di yo.)

M : Men fòm yo :

Qui est-ce ? C'est... (un prénom, monsieur, madame) ; **Qu'est-ce que c'est ? C'est...** ; **Est-ce que c'est... ?**

Oui, c'est le/ la/ l' / du/ de la/ de l' / un/ une... ; **Oui, c'est...** (monsieur, madame, un prénom) ; **Non, ce**

n'est pas le/ la/ l' / du/ de la/ de l' / un/ une... ; **Non, ce n'est pas...** ; (monsieur, madame, un prénom).

Bravo !

Objectif : Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat.

Être capable de dire : **C'est...**

Vocabulaire : Un/ le papa, une/ la sœur, une/ la maman, un/ le frère, une/ la grand-mère, un/ le grand-père

Autre(s) structure(s) : Quel est le nom de... ?

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°9

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation du son /R/.

Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./ Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page de stratégies).

Activité 1

Revizyon dènve leson an ak mizantren/ Rappel et mise en train – 7 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Prezantasyon nouvell istwa a/ Présentation de la nouvelle histoire – 3 mn

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Jodi a, nou pral kontinye li istwa Rita. Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Rita ak Mario rankontre René, yon elèv ki nan yon lòt klas. Yo fè konesans. René gen yon chen menm jan ak Rita ak Mario.

b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) – 4 mn

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Qui a un beau stylo (plume) ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon plim.)

Mon frère Mario.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon moun ki wo.)

Qui a une belle gomme ?

(Montre yon gòm.)

Maîtresse Simone.

(Montre yon ti fi.)

Qui joue avec le caillou ?

(Montre yon ti wòch.)

Le chien Toutou.

(Fè jès pou montre 2 ti zòrèy.)

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap fè jès yo avè m.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kiyès ki gen yon bèl plim ?

E : Mario.

M : Se Mario.

M+E : Se Mario.

E : Se Mario.

M : Se Mario.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Qui a un beau stylo (plume) ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Mario.

M : Kiyès ki gen yon bèl gòm ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Se maîtresse Simone.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Qui a une belle gomme ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est maîtresse Simone.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : C'est..., pour identifier les membres de la famille.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte **(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèl la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade desen an byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

LEÇON 51

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen Papa Rita a.)

M : Ki moun sa a ?

E : Se papa Rita ak Mario.

M : Se papa Rita ak Mario.

M+ⓔ : Se papa Rita ak Mario.

ⓔ : Se papa Rita ak Mario.

M : Se papa Rita ak Mario.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : C'est qui ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est le papa de Rita et de Mario.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen manman Rita a.)

M : Kiyès madanm sa ye ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Se manman Rita ak Mario.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Qui est cette dame ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est la maman de Rita et de Mario.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Rita ak Mario ki rankontre René, yon elèv ki nan yon lòt klas. Yo fè konesans. René gen yon chen menm jan ak Rita ak Mario.

M : Mwen pral li yon pati nan istwa a pou nou.

Rita : Bonjour René. Voici mon frère.

René : Bonjour Rita. Quel est le nom de ton frère ?

Rita : C'est Mario. Et c'est Toutou, mon chien. 🐾

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Kiyès ki zanmi Rita ak Mario ?

E : René.

M : Zanmi Rita ak Mario a se René.

M+ⓔ : Zanmi Rita ak Mario a se René.

ⓔ : Zanmi Rita ak Mario a se René.

M : Zanmi Rita ak Mario a se René.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom de l'ami de Rita et de Mario ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est René, l'ami de Rita et de Mario.

M : Ki non frè Rita a ?

Fè menm jan an pou :

M : Frè Rita a se Mario.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom du frère de Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Mario, le frère de Rita .

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

M : Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand on veut montrer une personne, on dit. C'est... + le nom de la personne.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre desen Rita a.)

M : Par exemple : C'est qui ? C'est Rita.

M : À mon tour

M : **C'est Rita.**

M : Tous ensemble

M+E : **C'est Rita.**

M : À votre tour

E : **C'est Rita.**

M : Par deux

E+E : **C'est Rita.**

M : À ton tour

E : **C'est Rita.**

Fè menm jan an pou :

La maman de Rita, le papa de Rita et de Mario, Jean, le grand frère de Rita et de Mario.

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz y ap aprann la. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

(Yon elèv ap jwe wòl Rita a, youn ap jwe wòl René a, yon elèv ap jwe wòl Mario.)

Elèv1 (Rita) : Bonjour René. Voici mon frère.

Elèv2 (René) : Bonjour Rita. Quel est le nom de ton frère ?

Elèv1 (Rita) : C'est Mario. Et c'est Toutou, mon chien.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Jwèt Wi/ Non

Règ jwèt la :

M ap mande yon elèv pou li pase devan . Se li ki pral mennen jwèt la. M ap di l nan zòrèy (*yon sè, yon papa, yon*

manman, yon grann). Moun k ap mennen jwèt la ap di rès gwoup la : Se yon moun, ki jan l rele ?

Elèv ki vle reponn ap leve men yo. Moun k ap mennen jwèt la, ap chwazi yon moun pou reponn kon sa :

C'est... + le nom de la personne.

Egzanp : C'est le papa de Rita.

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : C'est...

M : Aujourd'hui on a appris à dire : **C'est..., pour identifier les membres de la famille.**

Bravo !

Objectif : Nommer des êtres et des lieux de son environnement immédiat.

Être capable de dire : **C'est...**

Vocabulaire : Un/ une élève, le maître, la maîtresse, la dame, le monsieur

Autre(s) structure(s) : Quel est le nom de...?

Matériel(s) : Guide du maître, poster N°3

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation du son /R/.

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

**a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été
appris lors de la leçon précédente – 3 mn**

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Se istwa Rita ak Mario ki rankontre René, yon elèv ki nan yon lòt klas. Rita prezante frè l la ak chen l lan.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo.)*

Qui a un beau stylo (plume) ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon plim.)

Mon frère Mario.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre yon moun ki wo.)

Qui a une belle gomme ?

(Montre yon gòm.)

Maîtresse Simone.

(Montre yon ti fi.)

Qui joue avec le caillou ?

(Montre yon ti wòch.)

Le chien Toutou.

(Fè jès pou montre 2 ti zòrèy.)

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap kanpe epi n ap fè jès yo avè m.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz y ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Ki non matmwazèl la ?

E : Simone.

M : Se Simone.

M+E : Se Simone.

E : Se Simone.

M : Se Simone.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom de la maîtresse ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Simone.

M : Kiyès ki gen yon bèl plim ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Se Mario.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qui a un beau stylo (plume) ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Mario.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : C'est..., pour identifier les personnes de l'école.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte
(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap mete dwèt li sou desen madam Claudia.)

M : Ki moun sa a ?

E : Madam Claudia.

M : Se madam Claudia.

M+ⓔ : Se madam Claudia.

ⓔ : Se madam Claudia.

M : Se madam Claudia.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qui est-ce ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Madame Claudia.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen yon elèv.)

M : Kiyès sa a ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Se yon elèv.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qui est-ce ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est un élève.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap touche desen direktè a.)

M : Kiyès sa a ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Se direktè a.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : C'est qui ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est le directeur.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Rita ak Mario ki rankontre René, yon elèv ki nan yon lòt klas. Yo fè konesans. René gen yon chen menm jan ak Rita ak Mario. Mario ap pale ak René.

M : Mwen pral li yon pati nan rès istwa a pou nou.

Rita : Bonjour René. Voici mon frère.

René : Bonjour Rita. Quel est le nom de ton frère ?

Rita : C'est Mario. Et c'est Toutou, mon chien. 🐶

Mario : Quel est le nom de ton maître, René ?

René : C'est Monsieur Joseph. 🐶

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)*

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki jan chen Rita a rele ?

E : Toutou.

M : Chen Rita a rele Toutou.

M+Ⓜ : Chen Rita a rele Toutou.

Ⓜ : Chen Rita a rele Toutou.

M : Chen Rita a rele Toutou.

M : Kounye a, nou pral di sa an Fransè.

M : Quel est le nom du chien de Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Le chien de Rita s'appelle Toutou.

M : Ki non mèt René a ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Mesye Joseph.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom du maître de René ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Monsieur Joseph.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

M : Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand on veut montrer une personne, on dit : C'est... + le nom de la personne.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap montre desen madam Claudia a.)

M : Par exemple : C'est qui ? C'est Madame Claudia.

M : À mon tour

M : **C'est Madame Claudia.**

M : Tous ensemble

M+E : **C'est Madame Claudia.**

M : À votre tour

E : **C'est Madame Claudia.**

M : Par deux

E+E : **C'est Madame Claudia.**

M : À ton tour

E : **C'est Madame Claudia.**

Fè menm jan an pou :

C'est le directeur, c'est un élève, c'est le maître, c'est un monsieur, c'est une dame.

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap chwazi yon gwoup elèv pou vin fè yon ti pyès teyat ak mo oubyen fraz yo ap aprann nan. L ap di chak elèv sa pou yo di ak sa pou yo fè. Elèv yo ap fè sa yo mande yo a. Ti pyès teyat sa a ap jwe 2 fwa.)

(Yon elèv ap jwe wòl Rita a, youn ap jwe wòl Mario a, dènye a ap jwe wòl René a.)

Elèv 1 (Rita) : Bonjour René. Voici mon frère.

Elèv 3 (René) : Bonjour Rita. Quel est le nom de ton frère ?

Elèv 1 (Rita) : C'est Mario. Et c'est Toutou, mon chien.

Elèv 2 (Mario) : Quel est le nom de ton maître ?

Elèv 3 : (René) : C'est Monsieur Joseph.

Activité 4

Sèvi ak sa elèv yo te deja konnen nan lòt aktivite/ Généralisation – Intégration – 5 mn

M : Kounye a, nou pral fè yon jwèt. M pral esplike nou ki jan li fèt.

Jwèt Wi/ Non

Règ jwèt la :

M ap mande yon elèv vin devan klas la. Se li ki pral mennen jwèt la. M ap di l non yon moun nan zòrèy (*un/ une élève, un/ une camarade, un directeur, la dame, le monsieur*).

Moun k ap mennen jwèt la ap di rès gwoup la : Se yon moun, ki jan l rele ?

Elèv ki vle reponn ap leve men yo. Moun k ap mennen jwèt la ap chwazi yon moun pou reponn konsa :

C'est... + le nom moun nan.

Egzanp : C'est un camarade.

Activité 5

Rezime/ Rappel et clôture – 2 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

M : Ki sa nou te aprann jodi a ?

E : C'est...

M : Aujourd'hui, on a appris à dire : **C'est..., pour identifier les personnes de l'école.**

Bravo !

Objectif : Nommer des êtres et des choses de son environnement immédiat.

Être capable de dire : **C'est...**

Vocabulaire : Un/ le cheval, un/ le chien, un/ le chat, un/ le poisson, une/ la tortue, un/ le cochon.

Autre(s) structure(s) : Quel est le nom de... ?

Matériel(s) : Guide maître, poster N°10

Information(s) complémentaire(s) : Veiller à la prononciation du son /U/.

**Teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon (ale nan paj teknik yo)./
Stratégies et exemple de dialogue pour le questionnement (voir la page
de stratégies).**

Activité 1

**Revizyon dènye leson an ak mizantren/ Rappel et mise en
train – 7 mn**

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon – Ale nan paj teknik yo.)

**a. Fè timoun yo sonje sa yo te aprann nan dènye leson an/ Se souvenir de ce qui a été
appris lors de la leçon précédente – 3 mn**

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye sa elèv yo te aprann nan dènye leson an.)

M : Kounye a, se leson fransè, nou pral aprann pale ak konprann fransè.

M : Kounye a, m pral di sa an fransè : « Maintenant, c'est la leçon de français, nous allons apprendre à parler et à comprendre le français. »

M : Kiyès ki ka rakonte m sa ki te pase nan istwa Rita a ?

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Kounye a, m pral li rezime istwa a :

M : Se istwa Rita ak Mario ki rankontre René, yon elèv yon lòt klas. Yo fè konesans. Mario mande René non mèt li a.

**b. Mizantren (ti koze/ chante)/ Mise en train – Situation déclenchante (Comptine) –
4 mn**

M : Kounye a, m pral di yon ti koze/ chante. Tande byen. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ale ak koze/ chante a pandan l ap di l. L ap peze sou mo ak fraz yo ap aprann yo.)*

Qui a un beau stylo (plume) ?
(Mèt la/matmwazèl la/madanm nan ap montre yon plim.)
 Mon frère Mario.
(Mèt la/matmwazèl la/madanm nan ap montre yon moun ki wo.)
 Qui a une belle gomme ?
(Montre yon gòm.)
 Maîtresse Simone.
(Montre yon ti fi.)
 Qui joue avec le caillou ?
(Montre yon ti wòch.)
 Le chien Toutou.
(Fèjès pou montre 2 ti zòrèy.)

M : Kounye a, m pral di ti koze/ chante a liy pa liy epi nou pral repete aprè m. N ap fè jès yo avè m.
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap di ti koze/ chante a liy aprè liy epi mande pou tout elèv yo repete aprè l. Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap fè jès ki ekri nan ti koze/ chante a. L ap peze sou mo ak fraz yo ap aprann yo. Tounen nan ti koze/ chante a.)

M : Kounye a, m pral poze nou kesyon :
(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap poze yon ti fi ak yon ti gason kesyon.)

M : Ki non chen an?

E : Toutou

M : Se Toutou.

M+E : Se Toutou.

E : Se Toutou.

M : Se Toutou.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom du chien ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est Toutou.

M : Ki non madanm nan ti koze (chante) a?

Fè menm jan an pou :

Rép: Madam nan rele Simone.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom de la maîtresse ?

Fè menm jan an pou :

Rép: C'est la maîtresse Simone.

M : Aujourd'hui, on va apprendre à :

Dire : C'est..., pour identifier les animaux.

Activité 2

Dekouvèt (Aprantisaj) – Vokabilè/ Découverte
(Apprentissage) – Vocabulaire – 12 mn

(Si repons lan pa konplè oubyen li pa bon, mè la/ matmwazèl la/ madanm nan ap sèvi ak teknik ak modèl dyalòg pou n poze kesyon. – Ale nan paj teknik yo.)

a. Kesyon sou postè ak vokabilè/ Questions sur le poster et le vocabulaire – 4 mn

M : Kounye a, gade postè a byen.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan lonje dwèt li sou bagay ki nan postè a ki ap ede timoun yo reponn.)

(Mèt la/matmwazèl la/madanm nan touche desen cheval la.)

M : Ki non bèt sa a ye ?

E : Cheval.

M : Se yon cheval.

M+ⓔ : Se yon cheval.

ⓔ : Se yon cheval.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom de cet animal ?

Fè menm jan an pou :

Rép : C'est un cheval.

(Mèt la/matmwazèl la/madanm nan touche desen chen an.)

M : Ki jan chen Rita a rele ?

Fè menmjan an pou :

Rép : Non chen Rita a se Toutou.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Quel est le nom du chien de Rita ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Le nom du chien de Rita, c'est Toutou.

M : Ki sa nou di pou nou idantifye yon bèt ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Nou di : C'est + non bèt la.

M : Kounye a, nou pral di sa an fransè.

M : Qu'est-ce qu'on dit pour identifier un animal ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Pour identifier un animal, on dit : C'est + le nom de l'animal.

b. Koute rès istwa a, konprann li/ Ecoute et compréhension de l'histoire – 3 mn

M : Kounye a, m pral li yon pati nan rès istwa nou an de fwa. Koute byen paske mwen pral poze nou kesyon aprè.

M : M ap li yon premye fwa.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap li dousman pandan l ap byen pwononse mo yo. L ap li avèk ton pandan l ap fè jès ki nan istwa a pou li kapte atansyon elèv yo.)

Se istwa Rita ak Mario ki rankontre René, yon elèv yon lòt klas. Yo fè konesans. René di Rita non chen l lan.

M : Mwen pral li yon pati nan rès istwa a.

Rita : Quel est le nom de ton chien ?

René : C'est Médor. 🐾

Rita : Humm !! C'est beau Médor.

M : M ap li yon dezyèm fwa. Si nou tande mo oubyen fraz n ap aprann nan lè m ap li, leve pous nou anlè. *(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap peze sou mo oubyen fraz y ap aprann yo pandan l ap di yo byen fò. Tounen nan istwa a.)*

M : Kounye a, mwen pral poze nou kesyon.

(Mèt la/ matmwazèl la/ madanm nan ap verifye si elèv yo konprann epi l ap esplike mo vokabilè timoun yo pa konnen yo pou tout elèv yo ka konprann tèks la. L ap sèvi ak bagay ki nan postè a oubyen lòt bagay nan klas la. L ap repete bon repons lan nan yon fraz.)

M : Ki non zanmi Rita ak Mario a ?

E : René.

M : Zanmi Rita ak Mario a se René.

M+Ⓔ : Zanmi Rita ak Mario a se René.

Ⓔ : Zanmi Rita ak Mario a se René.

M : Zanmi Rita ak Mario a se René.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Quel est le nom de l'ami de Rita et de Mario ?

Fè menm jan an pou :

Rép : L'ami de Rita et de Mario, c'est René.

M : Ki non chen René a ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Chen René a se Médor.

M : Kounye a, nou pral di sa an franse.

M : Quel est le nom du chien de René ?

Fè menm jan an pou :

Rép : Le chien de René, c'est Médor.

c. Aprantisaj – Pratik sou modèl fraz yo/ Apprentissage – Fixation et réemploi des structures – 5 mn

(Ale nan paj teknik yo pou w wè teknik « À MON TOUR » la.)

M : Kounye a, nou pral aprann mo ak fraz sa yo :

M : Quand on veut montrer un animal, on dit : C'est... + nom de l'animal.

(Mèt la/matmwazèl la/madanm nan montre desen pwason an.)

M : C'est quel animal ? C'est un poisson.

M : À mon tour

M : **C'est un poisson.**

M : Tous ensemble.

M+E : **C'est un poisson.**

M : À votre tour

E : **C'est un poisson.**

M : Par deux

E + E : **C'est un poisson.**

M : À ton tour

E : **C'est un poisson.**

Fè menm jan an pou : Un cheval, un chien, un chat, une tortue, un cochon.

Activité 3

Fè pratik – Travay ansanm/ Mise en pratique – Travail collectif – 4 mn

Prezantasyon devan klas la/ Présentation au grand groupe

M : Kounye a, nou pral fè yon ti pyès teyat sou sa nou sot aprann nan. Koute byen epi gade prezantasyon kamarad nou yo.

